

Ki jan pou nou Okipe Timoun



Men bagay ki pwoteje timoun kont maladi, epi ede yo rete an sante:
manje bon kalite manje, kenbe kò nou, kay nou, ak katye nou pwòp,
epi vaksinen tout timoun.

Se pou papa ak manman pitit la, avèk ajan sante yo tou, al gade nan Byen Manje bay Bon Sante pou konprann ki jan nou ka byen manje. An plis, al gade nan Dlo ak Pwòpte, pou aprann ki jan nou dwe pwòpte kò a ak kote n ap viv la. Lè fini, vaksinen timoun yo, jan yo esplike nan Vaksen (chapit la poko ekri); se sa ki va pwoteje timoun nou yo kont anpil maladi timoun.

Evite miyò pase mande padon. Ti efò nou fè pou evite yon maladi vo pi plis pase gwo efò nou ka fè pou trete maladi a.

Byen manje

Li enpòtan anpil pou timoun yo manje bon kalite manje, pou yo ka byen vini, epi pou anpeche yo tonbe malad. Nan Byen Manje bay Bon Sante, yo di nou ki jan nou menm ak timoun nou yo ka byen manje menm si nou pa gen anpil lajan. Li di tou ki jan pou nou trete malnitrisyon kay granmoun ak kay timoun. Si nou swiv konsèy ki nan chapit sa a, nou ka bay tibebe ak timoun nou yo pi bon kalite manje.

Premye 6 mwa

Tout sa yon tibebe bezwen se nan lèt manman an l ap jwenn li. Se pou manman an ba li tete chak fwa tibebe a vle, chak 3 - 4 èdtan pandan jounen an. Nan nwit, nou gen dwa tann yon ti jan pi long. Pa ba li ni dlo, ni ji, ni labouyi, jis li fè premye dan li, nan anviwon laj 6 mwa, paske bagay sa yo ka ba li dyare.

Pou aprann ki jan pou bay tibebe tete, al gade nan chapit Tibebe ki Fèk Fèt, paj 18 - 23.



Sèvi ak jantiyès lè nou pran swen yon timoun ki malad

Menm jan ak granmoun, pou nou ka byen pran swen yon timoun, fòk li ka fè nou konfyans. Poutèt sa, fòk nou sèvi ak pasyans, epi fòk nou di li laverite. Sèvi avèk jantiyès, ak bonte. Lè nou pral ba li yon piki, pa di li sa pa p fè l mal. Si nou pral ba li yon medikaman ki anmè, pa di li li dous. Si l ap fè nou konfyans, li pi fasil asepte nou egzaminen li. Li pi fasil bay repons lè nou poze li kesyon. Li pi fasil asepte trètman ke nou va ofri l la.

Men lòt jan pou nou mete yon timoun alèz:

- Pale avè l anvan nou mete men sou li. Pandan n ap pale, pwofite okazyon an pou remake aparans li. Eske li sanble anfòm? Eske l ap respire byen alèz? Eske po li anfòm?
- Anvan nou sèvi ak yon estetoskòp, oubyen yon tèmomèt, montre li ki jan ti zouti sa yo mache.
- Ankouraje manman an, grann nan, oubyen moun k ap pran swen timoun nan, pou li karese l epi konsole l. Si nou kapab, montre li ki jan pou yo swiv trètman ke n ap preskri a.
- Si yon timoun ap soufri doulè, ba li paracétamol (parasetamòl). Sa pa p geri maladi a, men si n ap soulaje mal la, yon timoun ka kòmanse manje ak bwè. Konsa l ap kòmanse fè ti mye. Pou nou aprann ki dòz pou nou bay, al gade nan paj 39.
- Si nou oblige fè yon bagay k ap fè yon timoun mal, oubyen si nou pral ba li medikaman ki anmè, rete tann epi fè l an dènye.



Pi bon remèd pou timoun se lanmou.

Soti 6 mwa rive 12 mwa (1 ane)

Se nan anviwon laj sa a, anpil timoun kòmanse soufri malnitrison. Pou sa pa rive, kontinye bay tibebe a tête. Nan menm tan, kòmanse ba li ti manje kèk fwa nan jounen an. Kòmanse ak 1 oubyen 2 kalite manje. Li mèt yon labouyi senp oubyen manje n ap prepare pou tout fanmi an. Mete yon ti luil oubyen lòt grès ladann.

Men lòt bon kalite manje nou ka kòmanse ba li:

- Manje ki pou batì kò a, yon fwa nan yon jou pou pi piti: pwa ki byen kwit oubyen sòs pwa, ze, lèt, fwomaj, yawout, oubyen pire pwason ki byen kwit.
- Legim: jounou ki byen kwit, pwa frans, kawòt, legim fèy vèt, tomat, oubyen nenpòt legim koulè jòn oubyen koulè vèt ke nou ka jwenn kote nou rete a.
- Fwi: ti mòso fwi tankou mango, papay, ti grenn bwa, oubyen fig mi.



Plis pase 1 ane



Bay tibebe a tête toujou jis li rive nan 2 ane pou pi piti, oubyen plis pase sa.

Ba li menm bon kalite manje ak sa nou konn bay gramoun: pwoteyin (ki pou bati kò a), lanmidon (ki pou bay fòs ak kouraj), epi legim ak fwi (ki pou pwoteje kò a). Timoun dwe manje 4 fwa nan yon jou, oubyen plis pase sa. Depi yon timoun pa tête ankò, se pou l manje pi souvan.

Tifi gen dwa manje menm kantite manje ak ti gason. Lè timoun yo jwenn ase bon kalite manje, y ap grandi byen, epi y ap rete an sante. Manje fè lespri yo ap devlope tou - pou yo ka kalkile, aprann, epi jwe.

Timoun se pou; se toutan pou y ap beke.



Bibwon

Nou pa dwe sèvi ak ni bibwon, ni tetin, paske li pa fasil pou lave yo epi kenbe yo pwòp. Sa bay anpil enfeksyon ak dyare paske mikwòb ka rete anndan yo. Si manman an pati al nan travay, se pou nou bay bebe a lèt manman li nan yon gode ak yon ti kiyè. Pa janm sèvi ak bibwon pou bebe ki pi gran, ak pou jènn timoun. Si nou mete ji, bouyon, oubyen lèt nan bibwon bay timoun yo, sa fè dan yo benyen yon bon ti tan nan sik la. Sa konn ba yo dan pike. Yon timoun ka fasil aprann bwè nan vè.

Tyaw

Gato, sirèt, chip, kola, fritay, ak manje ki fèt tou nan bwat, tout sa yo, yo rele yo «tyaw». Genyen twòp sik, sèl, grès ak pwodui chimik ladan yo. An plis, yo manke bon nitrisyon (bon kalite manje). Lè timoun manje manje dous sa yo, sa ap ba yo dan pike. Lè yo rive gramoun, sa ap bay maladi tansyon, dyabèt, ak lòt gwo maladi gramoun.



Si nou fasil jwenn tyaw, timoun ka byen mande nou ba yo sa, paske yo bon nan bouch. Se pou nou, paran ak ajan sante yo, fè atansyon pou nou pa ba yo abitid manje kalite manje sa yo. Lè yon timoun mande manje, ba li fwi, pistach, yawout, labouyi oubyen lòt manje ki pa genyen sik ladann. Montre yo ki jan bon kalite manje kapab bon nan bouch tou. Konsa y ap pran abitid byen manje. Sa va ede yo pou tout rès lavi yo.

*Se bon kalite manje ki fè timoun yo byenvini.
epi ki kenbe yo an sante - se pa tyaw.*

Pwòpte

Lave men timoun yo anvan yo manje, epi souvan pandan jounen an. Anpil enfeksyon moun trape, tankou dyare, grip, rim, ak lòt maladi, yo gaye lè mikwòb, ki kole nan men ki sal, rive nan bouch (epi timoun toujou mete men yo nan bouch!). Depi yo lave men yo souvan, sa anpeche mikwòb antre nan bouch yo. Si yo lave men yo souvan, yo pi fasil rete an sante.

Benyen timoun yo chak jou. Koupe zong yo byen kout pou yo pa kenbe kras. Lave rad ak dra yo souvan.



Fòk tout moun, timoun kou grannoun, gen yon kote pou yo al fè bezwen yo chak jou. Sinon, watè ak tout mikwòb maladi ki ladann va gaye tout kote. Fè latrin pou fanmi nou; fè travay la ansanm ak vwazen nou yo oubyen ak kominote a. Sa va anpeche dyare vin sou timoun nou yo.

Chapit Dlo ak Pwòpte ban nou bon konsèy ki byen detaye sou ki jan nou ka pwòpte kote n ap viv la, epi ki jan nou ka anpeche dyare vin sou timoun nou yo.

Vaksen ak medikaman

Vaksen yo pwoteje timoun kont anpil maladi grav ki konn fè malè sou yo, tankou lawoujòl, tetanòs, polyo, ak tibèkiloz. Li pi fasil, pi bon mache, epi pi efikas pou nou bay vaksen, pase pou nou chache sove yon timoun ki malad oubyen k ap mouri. Youn nan pi bon fason pou nou kenbe timoun an sante, se pou nou mennen yo pran vaksen.

Al gade nan Vaksen (chapit la poko ekri) pou wè lis vaksen pou nou bay ak ki lè pou nou bay yo.

Asire nou ke timoun nou yo pran tout vaksen yo bezwen.


Lòt fason pou nou pwoteje sante timoun

- Pou pwoteje dan timoun yo, bwose dan yo. Pa ba yo anpil bonbon, sirèt, oubyen kola. Aprann plis sou koze tyaw. Al gade nan Byen Manje bay Bon Sante, paj 14.



- Bay tibebe yo tete. Lè nou ba yo manje oubyen ba yo bwè lòt likid, sèvi avèk yon vesò e yon ti kiyè ki pwòp. Pa sèvi ak bibwon ni tetin paske nou mal pou kenbe yo pwòp.

- Timoun ki malad, oubyen timoun ki gen bouton, enfeksyon je, gal, pyas oubyen pou, pa kite yo dòmi nan menm kabann, ni mete menm rad, ni sèvi ak menm sèvyèt la, ak lòt timoun. Mete yo anba remèd touswit pou maladi a pa jwenn okazyon pou l sòti nan timoun malad la al sou lòt timoun. Pwoblèm sa yo konn gaye byen vit.



- Kouvri kabann yo ak yon moustikè oubyen ak yon ti twal fen fen. Marengwen yo peple nan dlo ki dòmi. Netwaye tout ma dlo, tout twou, epi tout ti mamit ki ka kenbe dlo. Konsa marengwen pa p jwenn kote pou yo peple. Si gen posibilité, mete moustikè sou pòt ak fenèt yo.

- Pa kite kochon, chen, ak poul — ak tout mikwòb ki kole nan yo — antre sòti nan kay la.



- Si genyen ankilostòm (yon kalite vè nan trip) nan katye a, pa kite timoun yo mache pye atè. Mete sapat oubyen soulye nan pye yo. Pa kite yo chita toutouni atè.

- Lè timoun yo rive nan laj 1 ane, ba yo remèd vè chak 6 mwa, **mébendazole** oubyen **albendazole**. Pou aprann ki remèd ak ki dòz pou nou bay, al gade nan paj 50 - 52.

Pwoblèm sante timoun

Menm si nou fè tout sa nou kapab pou nou anpeche timoun nou yo pran maladi, gen de fwa yo tonbe malad. Kote yon maladi ka pran kèk senmenn anvan li vin grav kay yon granmoun, menm maladi sa a ka byen vit vin grav kay yon timoun. Konsa, fòk nou rete veyatif anpil pou nou ka rekonèt tout siy maladi kay timoun yo, pou nou okipe yo touswit.

⚠ Siy ki montre gen danje

Si nou wè youn nan siy sa yo ki ekri anba, sa mande swen prese. Fok nou voye je sou li toutan. Si nou okipe l byen, jou aprè jou li dwè fè yon ti mye. Si li bay plis pase yon siy, oubyen si li vin pi malad toujou, lavi timoun nan an danje :

- **Manke dlo:** Si yon timoun pa pipi anpil, oubyen li pa pipi menm, si bouch li sèch, si fontenn tèt li vin fon (kay tibebe), li manke dlo. Timoun sa a ap kouri gwo danje. Al gade pi ba.
- **Kriz:** Lè yon moun pèdi konnesans, l ap bat kò li, oubyen tout kò li pran tramble, l ap voye pye, l ap voye men, yo di li gen kriz. Gwo lafyèv ka fasil bay yon timoun kriz (paj 12).
- **Kò li kraze:** li fèb, li bouke anpil, li pa bon menm. Si li pa vle manje, epi li bwouye, li pa konn sa pou li fè, se pi mal toujou. Nenpòt maladi ki grav ka bay pwoblèm sa yo.
- **Souf li wo oubyen li kout:** se yon siy ki fè nou konnen se nemoni. Yon timoun piti ka mouri vit anba maladi sa a (paj 14).

Manke dlo, dezidratasyon

Dezidratasyon vle di yon moun pa gen ase dlo ki rete nan kò li ankò; li manke dlo. Pifò timoun ki mouri anba dyare mouri paske yo manke dlo. Trètman an byen senp: fòk nou ba li bwè ase likid pou ranplase dlo l ap pèdi a. Al gade nan Vant Fè Mal, Dyare, ak Vè, paj 22 - 24. Isit la yo di nou ki jan pou nou trete manke dlo a, kit se dyare ak vomisman ki ba li, kit se moun k ap travay twò di kote li fè cho anpil. Lè dyare fè yon timoun piti vin manke dlo, se gwo danje. Voye je sou li pou wè si li pa p fè siy sa yo:

MEN SIY KI FÈ NOU REKONÈT SA

- Dyare menm si pa gen lòt siy pou manke dlo
- Swaf (men timoun pa toujou di nou lè yo swaf)
- Bouch ak lang li sèch (lè nou manyen anndan bouch li, li sèch)
- Li pa pipi anpil, pipi a gen koulè fonse

Kòmanse trete li touswit, anvan maladi a vin pi grav.

SIY KI FÈ NOU REKONÈT LÈ MANKE DLO A AP ANVLIMEN

- Kò li kraze, li bouke, li manke fòs
- Kè li bat vit
- Souf li anlè epi li fò
- Je li fon, li pa bay dlo lè l ap kriye
- Po li vin fennen; lè nou penche po a, li rete plise.



Lè nou wè yon timoun ki sitèlman pèdi dlo nan kò li, nou mèt konnen se grav. Li mande pou nou ba li swen prese prese pou sove lavi li.

KI JAN POU NOU EVITE AK POU NOU TRETE MANKE DLO

Remèd la senp: **ba li bwè anpil likid**. Aprann ki jan pou nou prepare sewòm oral; al gade nan Vant Fè Mal, Dyare paj 22, ak Vè. Si timoun nan pa p kòmanse geri byen vit, chache konkou.

Lèt manman

Si timoun ki manke dlo a nan tete, toujou ba li tete, epi ba li ti sewòm oral tou. Ba pitit la tete pi souvan — chak dezèdtan pou pi piti. Kite l tete mezi li kapab.

Dyare

Dyare vle di yon moun ap watè dlo. Genyen anpil bagay ki ka bay timoun dyare; pi souvan se manke pwòpte ki fè mikwòb maladi yo gaye, epi malnitrisyon. Nou ka geri pifò ka dyare san medikaman. Trètman ki bon pou tout moun k ap soufri ak dyare se ba li bwè ase likid pou ranplase dlo l ap pèdi a. Si yon timoun ak dyare pa bwè ase likid, li ka sitèlman pèdi dlo jis li rive mouri.

*Pou sove lavi yon timoun,
ba li bwè ase likid pou ranplase dlo l ap pèdi a.*

Lè nou bay yon timoun bwè likid, eske nou kwè sa ap fè dyare a vin pi mal toujou? Lè nou wè kantite watè dlo l ap bay la, nou ka fasil kwè sa. **Men se pa likid la a ki bay dyare a.**

Si nou pa pèmèt yon timoun bwè, sa pa p geri dyare a; sa ap mete lavi li an danje




Si yon timoun ki gen dyare ap bwè ase, li ka rete an sante.



Pou aprann plis sou koze dyare, al gade nan Vant Fè Mal, Dyare, ak Vè, paj 25. Anba yo pale sitou sou sa nou dwe fè pou timoun yo.

KI JAN POU NOU TRETE DYARE

1. Ba li sewòm oral. Yon timoun ki pokò gen 2 ane, ba li pou pi piti yon ka ($\frac{1}{4}$) nan yon vè chak fwa li watè dlo. Yon timoun ki gen plis pase 2 ane, ba li mwatyé ($\frac{1}{2}$) nan yon vè rive yon vè, chak fwa li sot watè dlo. Fè sewòm oral avèk dlo ak yon ti sèl e sik ladann. Nou mèt mete yon ti ji sitwon sou li pou bay li gou. Pou aprann ki jan pou nou prepare l, al gade nan Vant Fè Mal, Dyare, ak Vè, paj 22.



2. Ba li manje. Yon timoun ki malad pa fasil di li grangou. Men si li pa manje, l ap pi fèb, epi pi malad toujou. Pran pasyans avè l. Ba li kèk kiyè manje 6 fwa nan yon jou oubyen pi souvan. Lè l ap refè, ba li plis. Fè labouyi a pi pwès; mete sou li manje ki bay fòs ak kouraj, tankou pistach (kraze), ze, pwason, yawout, zaboka, oubyen fig mi. Lè nou pa genyen legim oubyen pwoteyin, ajoute yon kiyè luil kizin (luil ki sèvi pou fè manje).

3. Pa ba li remèd pou dyare. Remèd sa yo se tankou yon bouchon. Yo pa kite enfeksyon an sòti deyò; yo kenbe l anndan. Antibiotik ka sèvi sèlman pou trete kèk ka kolera e dyare ak san (paj 40).




4. Anpeche dyare tounen sou moun. Chache fè kò ak kay nou yo pi pwòp. Eseye manje pi bon kalite manje.

Lèt manman an ap ranplase dlo ak fòtifyan yon tibèbe pèdi pandan li gen yon dyare sou li.

Malnitrisyon ak dyare

Timoun ki pa byen manje trape dyare pi fasil. Lè fini, li pi difisil pou yo geri anba maladi a. Se paske 2 pwoblèm sa yo se yon laviwonndede yo ye; youn ap fè lòt la vin pi mal.



Malmanje bay dyare — dyare bay malmanje.

Se nan laviwonndede malnitrisyon ak dyare sa a anpil timoun rive pèdi lavi yo. Oubyen timoun k ap soufri ak toulede yo mouri ak enfeksyon, paske kò yo twò fèb pou yo ka goumen ak mikwòb yo.

Si se yon ti lajan sèlman nou genyen, sèvi ak ti lajan sa a pou achte manje pou timoun nou yo. Manje bay timoun yo fòs. Se konsa yo ka pi fasil sòti anba yon maladi, epi yo pi fasil jwenn fòs pou yo pa tonbe malad ankò ak dyare.

Pou aprann ki jan pou nou trete malnitrisyon ki grav, al gade nan Byen Manje bay Bon Sante, paj 23.

Zenk ede dyare a rete.

Zinc (yon mineral, paj 53) ka soulaje dyare kay timoun. Se poutèt sa, si nou ka jwenn li, bay tout timoun ki gen dyare zenk.

Tibebe ki soti 2 mwa rive 6 mwa: Bay zenk 10 mg, yon dòz nan yon jou, pandan 10 jou, Kraze gress nan, epi bay li ak yon ti lèt manman an.

Timoun 6 mwa – 2 ane: Bay zenk 20 mg, yon dòz nan yon jou, pandan 10 jou.

Vomisman


Genyen de timoun ki vomi pi fasil pase lòt timoun. Men, si genyen yon timoun k ap vomi anpil, oubyen si nou wè li kòmanse manke dlo, ba li sewòm oral (Vant Fè Mal, Dyare, ak Vè, paj 22). An premye, ba li bwè yon kiyè chak 15 minit, menm si li kontinye ap vomi. Lè li sispann vomi gòje sa yo, ba li yon kiyè chak 5 minit. Apre sa, ba li kèk gòje. Si nou bay yon timoun likid ak manje kou li kapab pran yo, nou ka ede li reprann fòs li.

Lafyèv

Timoun yo ka fasil gen lafyèv lè yo malad, epi lafyèv la ka cho sou yo. Pou mete yon timoun pi alèz, ba li **paracétamol** oubyen **ibuprofène**. Vide dlo fre (men pa frèt) sou li, oubyen mete konprès dlo fre sou lestimak li ak sou tèt li. Ba li bwè anpil likid, pou li pa vin manke dlo. Lè yon timoun piti gen yon lafyèv cho sou li, li ka fè yon kriz (paj 12). Sa ki pi enpòtan, se pou nou jwenn ki sa k ap ba li lafyèv la, epi wè si nou ka trete maladi sa a.

SIY KI MONTRE GEN DANJE, AK KI SA KI BAY LAFYÈV

Lafyèv ki mache ak pwoblèm ki ekri anba	Maladi li ka genyen	Al gade nan paj
Kou rèd ak gwo tèt fè mal	Menenjit	13
Yon bann ti bouton k ap leve sou tout kò li	Lawoujòl	22
Tous depi anpil jou	Tibèkilòz	17
Vant fè mal, ak dyare oubyen konstipasyon, kèk fwa li gen yon bann ti bouton wouj ki leve sou vant lan oubyen sou de bò yo. (Pou tifoyid: lafyèv la konn monte yon ti kras chak jou pandan 8 jou; lè fini, vant fè mal mete pye.)	Tifoyid	Tifoyid al gade nan Kèk Enfeksyon ki Grav (chapit la pokò ekri)
Frison, oubyen nenpòt lafyèv, si gen malarya kote nou rete a.	Malarya	11



Malarya

Yo pale sou malarya an detay nan Maladi Moustik Bay (chapit la poko ekri). Kote nou jwenn anpil malarya, se la ki konn genyen anpil timoun ki pèdi lavi yo anba maladi sa a.

SIY KI FÈ NOU REKONÈT MALARYA

- Lafyèv
- Frison oubyen swe
- Maltèt, doulè nan vyann kò, vant fè mal
- Vomisman oubyen dyare

TRÈTMAN

Toutan li posib, fè yon yon tès pou li anvan nou bay yon moun remèd malarya. Men si pa genyen posiblite pou fè analiz la, si genyen anpil malarya nan zòn kout nou rete a, epi si nou pa wè lòt pwoblèm ki kapab bay lafyèv la, ba li remèd pou malarya san pèdi tan.

Timoun k ap soufri maladi malarya konn gen anemi (san pòv). Poutèt sa yo dwe pran grenn **fer** tou (paj 43).

SIY KI FÈ NOU KONNEN GEN DANJE

- Souf li kout
- Li fè kriz, li bwouye, li endispoze, oubyen nou wè siy enfeksyon sèvo a (al gade menenjit, paj 13).

Lavi timoun nan an danje. Kouri mennen l lopital, oubyen jwenn konkou doktè anvan li twò ta. Pandan nou nan wout, ba li piki **artesunate** (atesinat). Si nou pa genyen l, ba li piki **quinine** (kinin). Al gade nan Maladi Moustik Bay (chapit la poko ekri).

KI JAN POU NOU EVITE MALARYA


Al gade nan Maladi Moustik Bay (chapit la poko ekri) pou konnen ki sa nou ka fè pou anpeche maladi sa a vin sou fanmi nou, ak sou katye nou.



Pou nou pa trape malarya,
kouvri kabann yo ak
moustikè, mete griyay sou
fenèt ak sou pòt yo kay yo.

Kriz

Yon kriz se lè yon moun rete konsa epi yon maladi parèt sou li. Li ka pèdi konnesans, li ka bwouye oubyen li pa gen bon nanm li sou li, epi li konn bat kò li. Men kèk fwa timoun nan rete san li pa fè mouvman menm. Kriz yo konn pase vit.




Maladi ki pi fasil bay timoun piti yo kriz se gwo lafyèv, se manke twòp dlo nan kò yo, se yon blesi, se malarya, oubyen lòt pwoblèm. Si yon moun tanzantan ap fè kriz san nou pa wè maladi, yo rele pwoblèm sa a malkadi. Nou ka jwenn esplikasyon sou malkadi nan Pwoblèm Tèt ak Sèvo (chapit la poko ekri).

Lè yon timoun ap fè kriz, wete tout bagay bò kote l, pou li pa blese kò li. Vire li sou kote pou li pa toufe si li vomi. **Pa sere li pou l pa ka bouje. Pa eseye sezi lang li.**

- Si se **malarya** ki lakòz kriz la, chache konkou doktè. Pandan nou nan wout, ba li **diazépam** (al gade nan paj 48). Ba li remèd malarya. (Al gade nan Maladi Moustik Bay, chapit la poko ekri).
- Si li fè kriz paske li **manke dlo**, chache konkou doktè. Lè kriz la fin pase, ba li sewòm oral (al gade nan Vant Fè Mal, Dyare, ak Vè, paj 22).
- Si se **menenjít** (paj 13) ki lakòz kriz la, chache konkou doktè.

Si yon timoun k ap fè kriz la pa sanble ap soufri ak youn nan maladi grav sa yo, yon sèl kriz kapab pa bay gwo pwoblèm (menm si sa fè nou pè, lè nou wè li). Si li fé yon lòt kriz, al konsilte yon ajan sante.

Lè yon timoun soufri ak maladi **tetanòs** (maladi kò rèd), sa ka sanble ak yon kriz. Machwè li kòmanse sere; tout kò li kage sou dèyè sanzatann. Aprann rekonèt premye siy tetanòs; al gade nan Premye Swen (paj 20).



Menenjit

Menenjit se yon kalite enfeksyon sèvo ak nan mwal epinyè (ki nan mitan zo rèl do a) ki grav anpil. Nou pa wè li fasil. Pifò ka menenjit kòmanse ak lafyèv, san nou pa ka wè klè ki sa ki bay maladi a. Li ka rive kòm konplikasyon yon lòt maladi, tankou malarya, tibèkilòz, lawoujòl, oubyen malmouton.

Menenjit ki sòti nan tibèkilòz pran plizyè senmenn pou l devlope.

KI SA KI FÈ NOU REKONÈT MENENJIT

- Lafyèv
- Gwo tèt fè mal
- Vomisman
- Kriz
- Kou rèd — timoun nan pa ka mete tèt li nan mitan de janm li yo.
- Li pa vle moun manyen li — si nou eseye karese li, l ap kriye.
- Je li sansib, li pa vle wè limyè
- Li kriye san rete, li sansib, li pa kontan menm
- Kò li kraze, li fèb, se toutan li bezwen dòmi, oubyen li pèdi konnesans li

SIY KAY TIBEBE KI FÈK FÈT

Ti fontenn tèt li ka anfle. Tibebe a ka genyen vomisman oubyen dyare. Li ka gen lafyèv, oubyen chalè kò li ka twò ba.



KI JAN POU NOU TRETE LI

Pa rete ap gade malad la, kouri mennen I kay doktè. Ba li yon kombinezon antibiyotik (**ampicilline** ak **céftriazone** OUBYEN **ampicilline** ak **gentamicine**, al gade nan paj 44 - 45).

Si pitit la t ap soufri ak maladi tibèkilòz (maladi pwatrin) anvan nou wè siy menenjit yo, trete maladi tibèkilòz la tou. Pou aprann ki jan pou nou trete tibèkilòz nan sèvo, al gade nan Kèk Enfeksyon ki Grav (chapit la poko ekri).

Nemoni (enfeksyon poumon)

Tous, larim, souf kout, pwoblèm sa yo ka tou lejè, oubyen yo ka grav. Youn nan maladi ki pi grav se nemoni, yon gwo enfeksyon ki atake poumon yon moun. Yo ekri plis sou nemoni nan Pwoblèm Respirasyon ak Tous (chapit la poko ekri). Se anba gwo maladi sa a anpil timoun piti pèdi lavi yo.

SIY KI FÈ NOU KONNEN SE NEMONI

- **Souf timoun nan wo epi li kout**, se siy sa a ki pi empòtan. Lè nou di souf li kout, sa vle di:

Tibebe ki fèk fèt - 2 mwa: plis pase 60 fwa pandan yon minit

Tibebe 2 - 12 mwa: plis pase 50 fwa pandan yon minit

Timoun 12 mwa - 5 ane: plis pase 40 fwa pandan yon minit

Tout timoun gen souf wo lè y ap kriye. Mete timoun nan alèz. Lè li sispann kriye, poze men ou sou vant li pou ou ka santi jan l ap monte desann. Kontwole konbyen fwa li pran souf pandan yon minit.

- Li gen lafyèv
- Li touse
- Li gen po dèyè kou li ak po nan mitan kòt li yo ap danse paske l ap fè anpil efò pou l respire.
- Li pa vle manje



KI SA POU NOU FÈ POU TRETE NEMONI

Si nou kwè yon timoun piti ap fè nemoni, kòmanse trete l touswit ak **amoxicilline** e **cotrimoxazole** (paj 43).

Ba li bwè anpil, ba li manje.

Timoun nan dwe kòmanse fè mye nan 2 jou konsa. Si li pa p kòmanse geri, se ka yon lòt maladi li genyen, tankou tibèkilòz, opresyon, oubyen enfeksyon vè ki pase nan poumon li. Si l ap vin pi malad, si li pa ka respire byen, si li pèdi konnesans, oubyen si li fè kriz, chache konkou doktè. Pitit la ka bezwen pran piki **ampicilline** ak **céftriazone** (oubyen piki **ampicilline** ak **gentamicine** si li poko gen 1 mwa). Al gade nan paj 44 - 45.

KI JAN POU NOU EVITE NEMONI

Tout bagay ki fè poumon yo irite ka fè yon moun trape yon enfeksyon poumon. Lafimen rann poumon yo pi fèb, epi li fè moun pi fasil tonbe malad ak nemoni. Si genyen moun nan kay la ki fimen, se pou yo toujou soti deyò, epi pou yo al fimen kote ki pa gen timoun.

Si fanm yo konn fè manje anndan yon ti kay, mete yon tiyo sou tèt kay la ki pou rale lafimen an soti deyò. Konsa n ap pwoteje poumon fanm k ap kwit manje ak timoun ki bò kote yo.

Nemoni ak malnitrison

Pifò timoun ki mouri anba nemoni yo malnouri. Malmanje fè yo twò fèb pou yo ka goumen ak enfeksyon.



*Lè timoun yo jwenn ase bon kalite manje, sa ap ede yo rete an sante.
Epi sa ap ede tout moun respire pi byen.*

Touse

Timoun ki touse yo pi souvan gen yon rim senp. Medikaman pa p geri l. Pou soulaje yon timoun ki gripe, ba li bwè ti te sikre, fè li respire vapè dlo cho, oubyen karese l epi konsole l. L ap refè nan 8 jou konsa.

SIY KI FÈ NOU REKONÈT GWO MALADI TOUS

Siy	Se ka	Al gade nan paj
Li touse pandan plis pase 15 jou, l ap pèdi pwa, li gen lafyèv.	Tibèkilòz	Pwoblèm Respirasyon ak Tous (chapit la pokò ekri)
Li touse epi souf li kout.	Nemoni	14
Li touse sèch lannuit, men nou pa wè lòt siy maladi. Nou ka tande yon ti bri souflèt, sitou lè l ap lage souf.	Opresyon	Pwoblèm Respirasyon ak Tous (chapit la pokò ekri)

Kwoup (tous ki sanble ak bri yon chen k ap jape)

Yon tous ki fè yon bri ki sanble ak bri yon chen k ap jape, oubyen yon tous ki dire sou yon timoun ap ba li yon vwa anwe, se ka kwoup l ap fè. An plis, gen de fwa nou tande yon ti bri souflèt lè l ap rale souf.


Sa ki bay kwoup la se yon enfeksyon kannal souf la nan gòj la. Pi souvan nou pa ka trete l ak antibiotik. Pou eseye soulaje li, fè timoun nan respire vapè dlo cho. Oubyen lannuit, sòti deyò avè l pou l ka respire lè fre. Sa ka soulaje li.

Gen de lè anndan gòj la tèlman anfle, ti pitit la gen pwoblèm pou pran souf. Kontwole souf li. Si souf li anlè, si l ap bat pou li pran souf, mennen li kay doktè. Gen de medikaman ki ka dezanfle gòj la.

Koklich

Maladi koklich kòmanse tankou grip - ak lafyèv, nen k ap koule, ak tous. Nan 8 - 15 jou konsa, koklich la di men li; tous la vin pi rèd. Timoun nan touse dri plizyè fwa san li pa pran souf. Li ka touse ase fò pou fè li vomi.

Lè atak tous la pase, souf timoun nan vin wo. Lè l ap bat pou rale souf li, li ka fè yon gwo bri souflèt. Koklich la konn fè plizyè mwa sou yon timoun.



Koklich fè tout moun soufri, men li pi rèd pou timoun. Yon tibebe ki poko gen 1 ane ka mouri anba tous k ap koupe souf li. Kay tibebe pití, nou pa toujou tandé bri souflèt lè l ap rale souf li. Alò, se pa fasil pou nou konnen si se koklich l ap fè.

TRÈTMAN

- Fè li poze anpil; sa ka kalme tous la.
- Bay pitit la tête pi souvan, oubyen ba li bwe plis epi manje plis.
- Si pitit la pèdi pwa, oubyen li pa ka respire byen, al kay doktè avè l.

Pi bon fason pou nou pwoteje timoun yo kont maladi sa a, se pou nou mennen yo pran vaksen kont koklich (vaksen DTC). Al gade nan Vaksen (chapit la poko ekri).

Tibèkilòz (maladi pwatrin)

Tibèkilòz aji pi vit sou timoun pase sou granmoun. Si yon timoun touse pandan plis pase 22 jou, sitou si li gen lafyèv, oubyen si gen yon moun nan kay la ki kapab soufri ak tibèkilòz, al gade nan Pwoblèm Respirasyon ak Tous (chapit la poko ekri).

Ral

Yon ral vle di nou ka tandé yon bri tankou yon ti bri souflèt lè yon moun ap lage souf. Sa rive lè kannal souf yo sere, poutèt yon rim oubyen yon maladi ki pi grav. Si yon timoun konn gen yon ral tanzantan, se ka opresyon l ap fè. Maladi tibèkilòz kapab bay sa tou, sitou si nou tandé ti bri souflèt la pi fò sou yon bò lestomak la. Al gade nan Pwoblèm Respirasyon ak Tous (chapit la poko ekri).

Rim ak grip

Lè yon timoun gen nen koule, gòj fè mal, ak tous, pwoblèm sa yo ka al fè wout yo si nou ba yo bwè anpil likid, ba yo bon kalite manje, epi fè yo pran ti repo tanzantan. Antibiotik pa p aji sou yon rim. Gen de lè, timoun ki anrimen ka fè enfeksyon zorèy (paj 18), oubyen gòj fè mal estreptokòk ka bay la (paj 20).



Enfeksyon zòrèy

Si yon timoun ap kriye, epi l ap grata bò zòrèy li, se ka yon enfeksyon zòrèy li fè. Timoun piti fè enfeksyon zòrèy la fasil, sitou lè yo anrimen oubyen lè nen yo ap koule rim. Genyen de ti kannal ki sòti depi anndan nen an ki rive jis anndan zòrèy yo. Mikwòb ka fasil pase nan ti kannal sa a pou yo rive nan zòrèy la.

SIY KI FÈ NOU REKONÈT LI

- Timoun ki pale kapab di nou zòrèy li yo ap fè mal.
- Tibebe ap kriye, oubyen y ap grata bò zòrèy yo oubyen bò tèt la.
- Yo ka gen lafyèv, yo pa vle manje, yo pa dòmi byen, oubyen yo kriye san rete.

TRÈTMAN

Yon timoun ka gen gwo doulè nan zòrèy, ki ka fè li kriye anpil. Men, si li an sante, li pa malnouri, enfeksyon an ka byen al fè wout li san remèd. Ba li **paracétamol** pou soulaje doulè a.

Genyen yon remèd fèy ki ka soulaje li. Mete yon dan lay nan yon ti luil kizin (ki sèvi pou fè manje); kite l chita ladann pou tout yon nwit. Sèvi ak yon konngout pou mete kèk gout luil nan zòrèy la, de twa fwa nan yon jou.




KI LÈ POU NOU SÈVI AK ANTIBYOTIK

Si se yon timoun ki pa an sante, li ka bon pou nou trete l ak **amoxicilline** oubyen **cotrimoxazole**. Yon timoun ki pa anfòm mal pou li kenbe tet ak enfeksyon. Lè konsa, enfeksyon zòrèy la ka dire yon bon ti tan sou li. Si yon timoun gen yon enfeksyon zòrèy ki dire oubyen ki ale vini, li ka rann li soud. Toujou ba li antibyotik lè:

- zòrèy la bay postim oubyen san
- enfeksyon an dire plis pase de twa jou
- si se yon tibebe ki pokò genyen 6 mwa ki fè enfeksyon zòrèy

Pou aprann ki dòz pou nou bay, al gade nan paj 43 ak 47.



Tòde yon ti twal oubyen papye mou pou fè yon ti mèch. Sèvi avè l pou wete postim ki nan kannal zòrèy la.

SIY KI MONTRE GEN DANJE

Si nou wè yo, chache konkou doktè:

- Doulè nan zo ki dèyè zòrèy la
- Maltèt, tèt vire, oubyen kriz
- Kò li kraze (li tou bouke epi li fèb)
- Li soud, li pa tandem



Si dèyè zòrèy a anfle epi li sansib, li ka gen yon enfeksyon ki grav nan zo ki rele mastoyid la.

POU EVITE MALADI


Gen de fwa, timoun mete ti bagay nan zòrèy yo. Fè yon melanj mwatye dlo, mwatye dlo oksijine oubyen vinèg. Pran yon sereng ki pa gen zegwi. Plen sereng nan ak solisyon sa a, epi ponpe solisyon an nan zòrèy la. Oubyen, si nou pran tout prekosyon pou nou pa pike anndan zòrèy la, nou ka sèvi ak yon ti pens pou wete l. Pa mete okenn lòt bagay nan zòrèy yon moun, pou mikwòb pa antre nan zòrèy la, oubyen pou nou pa pete tandem zòrèy la. Menm yon ti grafouyen ka bay enfeksyon.



Tibebe nan tete pa fasil trape enfeksyon zòrèy.

Malgòj

Pifò ka malgòj kòmanse ak yon rim. Gòj la ka vin wouj, epi li fè mal lè timoun nan vale. Amigdal yo (2 boul chè ki nan fon gòj la, youn chak bò lalwèt la) ka anfle, yo konn fè mal, epi yo konn bay pi.



TRÈTMAN

- Ba li bwè anpil ji fwi, te, ak lòt likid.
- Montre timoun nan ki jan pou l gagari ak dlo tyèd ki gen ti sèl ladann (mete mwatye nan yon ti kiyè sèl nan yon vè dlo).
- Ba li **paracétamol** pou doulè. Pou konnen ki dòz, al gade nan paj 39.

Antibiotik yo pa bon pou kalite malgòj ki fasil mache ak yon grip. Pa sèvi ak yo. Men gen yon mikwòb - **ki rele streptokòk** - ki bay yon kalite malgòj ki grav anpil, epi ki fèt pou trete ak penisilin.

SIY KI FÈ NOU REKONÈT ENFEKSYON ESTREPTOKÒK

- Fon anndan bouch la ak amigdal yo anfle, epi yo genyen mak pi (ti mak blan).
- Glann anba machwè ak anba zòrèy yo anfle.
- Li gen lafyèv.
- **San** grip, **san** tous

Si yon timoun ap soufri ak 3 oubyen 4 nan siy sa yo, se byen posib ke l ap fè enfeksyon estreptokòk. Se pou nou trete l (bay **pénicilline** oubyen **amoxicilline** nan bouch pandan 10 jou, oubyen bay yon sèl piki **pénicilline benzathine**, paj 46). Fè yon analiz se sèl jan nou ka konnen san dout ki sa ki lakòz enfeksyon an. Si gen posiblite, fè analiz la.

Si nou pa trete enfeksyon estreptokòk ka bay la, li ka tounen yon maladi ki fè mal anpil epi ki gen ki grav, ki rele lafyèv rimatis.

Lafyèv rimatis

Enfeksyon estreptokòk nan gòj ka bay yon maladi ki rele lafyèv rimatis. Se timoun ak jennmoun ki konn genyen li, pi souvan lè yo gen 5 - 15 ane. Si 2 - 4 senmenn pase depi li te gen malgòj, epi si nou wè de twa nan siy sa yo, se ka lafyèv rimatis li soufri.


- Doulè nan jwenti, sitou nan zo ponyèt ak nan zo je pye yo.
- Jwenti yo anfle, yo cho, yo vin tou wouj.
- Lafyèv.
- Yon bann tras wouj nan fòm won, oubyen ti boul ki parèt anba po a, sou kò a, sou bra ak janm li yo, men pa nan figi li.
- Li pa ka kontwole mouvman figi li, l ap voye men li, l ap voye pye li. Yo rele sa maladi newolojik, (non maladi a: *chorée, dance de St. Guy*)
- Li fèb, souf li kout, li ka genyen doulè nan kè.



Si nou sisplèk timoun nan gen lafyèv rimatis, ba li **pénicilline** pou trete enfeksyon an (paj 45). Chache konkou doktè. Lafyèv rimatis ka donmaje kè a epi fè li vin fèb. Yo rele sa maladi rimatis nan kè. Li ka andikape yon moun, epi menm fè li mouri jenn.

Difteri

Difteri se yon maladi ki grav anpil ki kòmanse tankou yon malgòj e ti lafyèv. Kèk jou apre sa, tout fon gòj li ka kouvri ak yon plak koulè blan oubyen gri. Vwa timoun nan ka anwe, kou li konn vin anfle, epi nou ka pran yon move odè nan bouch li. Gòj anfle a ak plak nan fon gòj la konn fè timoun nan gen pwoblèm pou li pran souf. Li ka toufe menm.



TRÈTMAN

- Chache konkou doktè. Gen yon remèd (antipwazon) pou maladi sa a. Al wè si nou ka jwenn li.
- Ba li **érythromycine** (paj 47) oubyen **pénicilline** (paj 46).
- Fè li gagari dlo tyèd ak ti sèl ladann.
- Fè li respire vapè dlo cho.

Si plak la ki nan fon gòj li vin pwès anpil, epi l ap toufe, pran yon moso twal pwòp, vlope l nan dwèt ou, foure l nan gòj li pou rache plak la.

Nou ka byen fasil evite maladi sa ak vaksen DTC. Asire nou ke gen kanpay vaksinasyon nan zòn pa nou an, epi mennen pitit nou yo al pran vaksen.

Saranpyon, lawoujòl

Premye siy lawoujòl se lafyèv, rim k ap koule nan nen li, je li yo wouj, yo fè mal, epi li touse. Pwooblèm sa yo parèt 10 jou konsa apre timoun nan pran mikwòb saranpyon. Apre sa, bouch li fè mal, epi dyare ka mete pye tou. Lè fini, bouton yo parèt dèyè zòrèy yo, nan goj, nan figi, nan tout kò a, epi apre sa, nan ponyèt ak nan janm li yo.



TRÈTMAN

Yon timoun k ap soufri ak maladi saranpyon kapab refè nan 5 - 10 jou, si nou ba li bwè, ba li manje, epi kite l ret kouche nan kabann li.

- Ba li bwè anpil likid. Si li gen dyare, oubyen si nou wè li kòmanse manke dlo, ba li sewòm oral souvan.
- Pou tibebe nan tete, toujou ba li tete, mezi li vle e ke li kapab pran. Si tibebe a pa ka tete, fòk manman an tire lèt la bay li ak yon ti kiyè.
- Ba li ti manje plizyè fwa nan jounen an. Si li mal pou vale manje a, ofri li soup, labouyi, ak ji.
- Pou lafyèv ak doulè, bay timoun nan **paracétamol** oubyen **ibuprofène** (paj 39).
- Ba li vitamin A (paj 53).

Pi gwo danje pou timoun ki gen saranpyon se ke yo ka trape lòt maladi ki pi grav ankò. Pi souvan sa rive timoun ki malnouri, oubyen timoun ki gen lòt maladi tankou VIH/SIDA. Voye je sou timoun yo ki malad. Si nou wè siy ki ekri anba, fè vit trete yo:

- **Dyare:** Ba li sewòm oral. Si timoun nan pa fè mye nan 1 oubyen 2 jou, chache konkou.
- **Enfeksyon zòrèy:** Yon enfeksyon zòrèy lawoujòl ka bay la ka fè yon timoun pa kapab tandem. Si li gen zòrèy fè mal, ba li antibiotik, **amoxicilline** (paj 42 – 43) oubyen **cotrimoxazole** (paj 47).
- **Li vin pa ka wè byen:** je li vin fèb; saranpyon ka fè timoun vin avèg. Pou sa pa rive, bay tout timoun ki gen saranpyon vitamin A (paj 53).
- **Nemoni:** Si yon timoun ki soufri ak lawoujòl gen souf li anlè, souf li kout, trete li pou nemoni (paj 14).
- **Menenjit:** Al kay doktè avè l si timoun nan bwouye, si li gen gwo maltèt, si li fè kriz, oubyen si li pèdi konnesans (paj 13).

KI JAN POU NOU EVITE MALADI SA A

Fòk nou vaksinen tout timoun kont saranpyon (al gade nan Vaksen, chapit la poko ekri). Si yon timoun trape saranpyon, petèt nou ka evite lòt timoun nan kay la ak nan lekòl la trape maladi sa a, si nou vaksinen yo san pèdi tan. Timoun ki malad la dwe rete lakay. Si frè ak sè li yo poko malad, si li posib, yo pa dwe rete menm kote ak li menm ki malad la. Men frè ak sè li yo kapab byen deja enfekte, menm si yo poko montre siy ke yo genyen maladi a. Sa ki pi bon, se pou tout timoun lakay pa al lekòl ni al pwomennen jis nou konnen yo tout an sante. Konsa nou ka anpeche saranpyon gaye nan katye a. Se yon sèl fwa moun trape saranpyon; apre sa, yo pwoteje kont maladi a.

Ribeyòl (ti lawoujòl)

SIY KI FÈ NOU REKONÈT LI

- Lafyèv ki pa two grav, ki pa pi wo pase 38.3° C (100° F)
- Bouton ki konn leve nan figi li; lè fini, yo pase sou tout kò a
- Glann ki anfle dèyè zòrèy li ak dèyè tèt e kou a

Kay timoun ak jennjan, ribeyòl pa grav menm jan ak saranpyon. Nan twa kat jou, maladi a fin fè kous li.

Kay fanm, maladi sa a ka bay doulè jwenti nan jenou, ponyèt, ak dwèt yo.



Si yon fanm ki gwo vant trape ribeyòl, li ka fè yon pitit ki donnaje oubyen defòm. Se poutèt sa, yon fanm ki gwo vant dwe rete lwen timoun ki gen maladi sa a.

Genyen yon sèl fason pou pwoteje fanm ki gwo vant kont ribeyòl – vaksinen tout timoun nan katye a.

Varisèl

Varisèl bay yon ti lafyèv. N ap wè yon bann ti mak wouj ki parèt sou timoun nan, epi k ap grate li. Yo tanmen leve sou kò a anvan. Apre sa, yo parèt nan figi, nan ponyèt, ak nan pye. Lè fini, yo tounen ti bousòl, oubyen glòb k ap pete, epi ki bay kwout.

Apre yon senmenn konsa, maladi a ap fin fè kous li. Men si timoun nan grate mak yo, sa pèmèt mikwòb ak kras antre anba po a. Li ka rive fè enfeksyon po.

Pou anpeche timoun nan grate l, fè ti jwè avè l, fè ti distrè li. Koupe zong li yo byen kout. Lave men li souvan. Oubyen mete chosèt sou men li. Pou kalme gratèl la, tranpe yon twal nan dlo avwàn bouyi, oubyen nan dlo lanmidon, epi pase l sou gratèl la. Yon anti-istaminik tankou **chlorphéniramine** ka kalme gratèl la tou (paj 49).

Pi bon pwoteksyon kont varisèl se vaksen (al gade nan Vaksen, chapit la poko ekri.) Si nou pran vaksen an, oubyen si nou deja pase anba maladi sa a, nou pwoteje.

Gal

Gal fè yon bann ti boul ki grate anpil. Boul sa yo konn parèt bò senti a, nan men, bra, ak janm yo, ak sou ti pijon an. Gal se yon pwoblèm ki kouran kay timoun. Pou aprann plis sou koze gal ak lòt pwoblèm po, al gade nan Pwoblèm Po, Zong, ak Cheve (chapit la poko ekri).

Malmouton

Premye siy malmouton se lafyèv, fatig, maltèt, epi malad la pa vle manje. Li ka fè mal lè nou louvri bouch nou, ak lè nou manje. Nan 2 jou, anba zòrèy yo vin anfle, epi yo mou rive jis nan machwè.

Li ka kòmanse sou yon bò machwè anvan; apre sa, li vire nan lòt bò a.

Apre 10 jou konsa, malmouton an ap fin fè kous li. Si li pa p dezanfle, se ka yon lòt pwoblèm li genyen. Genyen de maladi ki bay glann anfle anba zòrèy ki pa vle geri, epi ki sanble anpil ak malmouton. Maladi sa yo se: malnitrisyon (Byen Manje bay Bon Sante, paj 20), ak VIH/SIDA (al gade nan VIH ak SIDA, chapit la poko ekri).

Sa pa rive souvan, men malmouton an ka gaye jis nan zòrèy yo oubyen nan sèvo a. Si li sanble timoun nan ka gen menenjit (paj 13), oubyen si li sanble li soud, al kay doktè avè l.

Pi bon pwoteksyon kont maladi malmouton se vaksen (al gade nan Vaksen, chapit la poko ekri).




Paralizi Timoun (polyo, maladi kokobe)

Paralizi timoun se yon maladi ki grav. Li kòmanse tankou yon grip ak lafyèv, dyare, vomisman, epi doulè nan tout kò a. Pifò timoun ap refè byen vit. Men kay kèk timoun, polyo atake vyann (misk) nan manm yo.

Timoun sa yo vin fèb; pi souvan se yon janm ki vin fèb. Yon lè konsa, janm nan vin paralize. Apre kèk tan, janm ki paralize a vin pi piti pase lòt la. Li pa p janm rive devlope tankou lòt la. Si nou wè yon timoun ki pa ka bouje kò li oubyen yon manm nan kò li, mennen li kay doktè san pèdi tan.

Polyo ka fè mal. Pou kalme doulè a, ba li **paracétamol** oubyen **ibuprofène**. Epitou, nou ka benyen manm ki malad la ak dlo cho, oubyen mete konprès dlo cho sou li. Se pou timoun nan fè egzèsis pou manm li yo ka reprann fòs, epi pou li pa rete kokobe. Al gade nan liv la, *L'Enfant Handicapé du Village*, chapit 7. Liv angle a: *Disabled Village Children*.



POU EVITE MALADI SA A

Fòk tout timoun pran vaksen kont polyo. Genyen anpil peyi nan lemonn kote kanpay vaksinasyon yo si efikas, pa gen polyo la ankò. Si tout timoun ta pran vaksen, nou ta kapab fini nèt ale ak maladi sa a sou latè.

VIH ak SIDA

VIH/SIDA fè kò yon moun pèdi possiblité li te genyen pou defann tèt li kont maladi. Konsa, yon moun kapab byen fasil trape yon maladi tankou nemoni, tibèkilòz, dyare ak lòt maladi. Li enpòtan pou nou chache konnen, pi vit ke nou kapab, si yon timoun genyen VIH/SIDA.

Poze tèt nou kesyon ki ekri anba a. Si nou reponn nenpòt kesyon ak «wi», tanpri, al gade nan VIH ak SIDA (chapit la poko ekri).

- Eske nou fasil jwenn moun nan katye a ki gen VIH/SIDA?
- Eske ou se yon manman oubyen yon papa ki ka gen VIH/SIDA?
- Eske n ap pran swen yon fanm ki gwo vant e ki ka gen VIH/SIDA?
- Eske n ap okipe yon timoun ki ka gen VIH/SIDA?
- Eske n ap okipe yon timoun piti ki pa p byen vini, ki malad pi souvan, epi ki malad pi plis pase lòt timoun piti?

Medikaman pou VIH/SIDA ka ede yon timoun rete an sante epi viv pi lontan.


Pwoblèm timoun fèt ak yo

Timoun ki paralize nan sèvo

Lè yon timoun paralize nan sèvo, li kokobe, li pa kapab byen kontwole mouvman kò li yo.

- Lè timoun nan fèk fèt, kò li ka yon ti jan lage lage (men tansèlman li ka sanble li nòmal).
- Se lè tibebe a ap grandi, li pa p devlope tankou lòt timoun. Li ka pran reta nan laj pou l leve tèt li, pou l ka chita pou kont li, epi pou l ka rale.
- Tibebe a ka gen pwoblèm pou l manje.
- Li ka irite, li kriye anpil. Oubyen li ka twò dou.
- Se lè l ap grandi, kò li pran redi, epi li tranble lè l ap eseye fè mouvman.

Mwatye konsa nan timoun ki fèt avèk paralize nan sèvo yo, yo lant pou yo aprann. Men pa fè lide ke tout timoun ki paralize nan sèvo a se kannannan yo ye. Yo ka gen bon tèt pou yo kapab jwe, aprann, epi al lekòl.




Figi li, kou li, ak kò li ka tranble, li tòde kò li. Janm li yo kwaze tankou sizo akòz vyann nan janm li yo ki redi.

Pa gen remèd ki pou geri donmaj nan sèvo sa a ki fè yon timoun paralize konsa. Poutan, nou ka ede li aprann fè mouvman, aprann kominike, epi pran swen tèt li ak pran swen lòt moun. Chache jwenn yon klinik kote yo aprann nou kòman nou ka ede pitit la. Pou aprann plis sou ki jan nou ka ede timoun ki paralize nan sèvo a, al gade nan liv la, *L'Enfant handicapé au village*. Liv angle a: *Disabled Village Children*.


Lonbrit ki soti (Èni nan lonbrit)

Yon lonbrit ki sòti longè sa a pa yon pwoblèm. Se vyann nan vant lan ki yon ti jan separe. Nòmalman, sa va fèmen pou kont li. Li pa bezwen ni remèd, ni trètman. Nou te mèt eseye mare l ak twal oubyen yon bann lonbrit, sa pa p regle pwoblèm nan. (Men depi kòd lonbrit la tonbe, li pa bay pwoblèm nonplis.)

Menn si lonbrit la sòti gwosè sa a, se pa grav. Lè fini, gen anpil chans pou li antre pou kont li. Si li toujou la lè timoun nan rive nan laj 5 ane, pran konsèy bò kote doktè. Yo ka bezwen fè li operasyon.



Ti sak gress nan ki anfle, maklouklou, ak èni




Si yon timoun gen ti sak ki kenbe gress li yo anfle yon bò, se ka paske li plen dlo. Oubyen se ka paske gen yon moso trip la ki gonfle desann nan pati li. Sa fè sak la gonfle kote ki gen pwoblèm nan.

Pou konnen ki pwoblèm li gen, pran yon flach pou klere pa dèyè sak gress, kote ki anfle a.

- Si ou wè limyè a travèse sak la, w ap konnen li plen dlo. Yo rele sa **maklouklou**. Yon maklouklou ka al fè wout li san pran remèd. Men si ou wè li dire plis pase 1 ane, al mande konsèy bò kote doktè.
- Si ou klere flach la, ou wè limyè a pa travèse sak la, epi si l ap vin pi gwo lè tibebe a ap touse oubyen lè l ap kriye, se yon moso trip ki desann la. N ap konnen se yon **èni**.

Kèk fwa se anwo bò lenn tibebe a èni an gonfle, men pa anndan sak la. Sa ka rive gason ak fi. Li ka sanble ak yon glann ki anfle. Si li gwosi lè tibebe a ap kriye oubyen tousé, se ka yon èni. Si li pa p disparèt lè tibebe a kouche trankil, se ka yon glann ki anfle. (Al gade nan Ki Jan pou nou Egzaminen yon Malad, chapit la pokò ekri.)



Fòk yo fè li operasyon pou repare èni an. Pandan n ap tann operasyon an, eseye fè èni an rantre:

1. Si li posib, bay timoun nan **diazépam** pou kalme li
 (paj 48)
2. Sèvi ak yon zòrye oubyen leve pye kabann nan pou fè timoun nan kouche ak tèt li pi ba pase ren li yo.
3. Pliye jenou li epi louvri janm nan kote ki gen èni an - tankou yon gounouy.
4. Mete yon konprès frèt, oubyen yon ti glas vlope nan yon twal sou èni an, pou dezanfle li. Rete tann 10 minit oubyen plis.
5. Si sa pa mache, eseye peze èni a dousman dousman pou mete l nan plas li.



Menm si nou reyisi mete l nan plas li, li toujou mande pou yo fè li operasyon.

Si li gen yon gwo doulè ki pran li nan sak gress nan, sitou si sa rive sanzatann, se ka vyann anndan sak la ki tòde. Yo rele sa gress tòde. Fòk yo fè li operasyon touswit pou li pa pèdi gress nan.

Aksidan ak blesi

Timoun pran blese epi fè aksidan pi fasil pase granmoun. Men nou ka pran swen pifò blesi kay timoun menm jan ak blesi kay granmoun. Pou aprann ki jan pou nou okipe diferan blesi, al gade nan Premye Swen.

Nou ka evite anpil blesi ki fasil rive timoun.

Lè yon bagay kole nan gòj

Pou yon timoun ki poko gen 2 ane, se yon gwo pwoblèm; yon bagay ka fasil kole nan gòj li. Si timoun nan ap touse, oubyen li ka fè ti bri ak vwa li, veye l byen pou wè si li pa p touse pou jete bagay la deyò. Si timoun nan pa ka touse, li pa ka fè okenn son, pa pèdi tan; ba li kou sou do ak sou pwatrin li. Si li plis pase 1 ane, ba li kou sou do li, epi peze monte fò sou mitan lestomak li pou fè bagay la soti. Al gade nan Premye Swen, paj 4 - 5.

Moso manje ki di e ki won kou boul se bagay ki pi fasil kole nan gòj timoun. Pa bay timoun piti sirèt, nwa, gwo gress, moso vyann, oubyen moso legitim kri. Lè nou fè manje pou timoun piti, li pi bon pou nou kwit manje a byen kwit, fè pire, oubyen rache yo an piti piti.




Ti jwèt, pyès monnen, ak balon ka fasil kole nan gòj yon timoun piti. Mete yo kote timoun piti pa ka jwenn yo.

Anpwazonman

Sere tout pwazon kote timoun pa ka rive, byen wo oubyen anba kle. Pwodui ki pou netwaye kay la ak pwazon ki pou touye ti bêt yo ladann. Pou aprann ki jan pou nou trete divès kalite anpwazonman, al gade tablo pwazon yo Premye Swen, paj 44 - 47.

Moun ki neye

Yon timoun ka neye nan yon letan, nan yon fòs, oubyen menm nan yon bokit dlo. Toujou voye je sou timoun piti lè yo pre dlo. Timoun ki pi gran, sitou gason, ka fasil neye, paske yo pa fè atansyon lè y ap naje nan dlo ki fon, oubyen nan gwo dlo. Fè atansyon pou pon ak wout ki pase bò kote dlo a, pou yo byen fèt, epi pou timoun yo ka pase la san danje. Aprann timoun yo naje. Konsa, katye a va an sekirite.



Yon timoun ki gen 1 ane ka kwense nan yon bokit, epi neye.

Boule

Nou ka evite pifò ka boule. Pa kite timoun piti yo pwoche bò kote dife, lanp, ak vesò ki sou dife. Men si yon timoun boule, fòk nou trete l touswit, pou kalme doulè a ak pou evite enfeksyon. Yon boule ka bay gwo enfeksyon. Genyen de boule ki grav ki pa fè twò mal, paske boule a pati ak po a e ak nè yo ki pou fè li santi doulè a. Menm si sa pa fè li mal, fòk nou trete l kanmenm. Pou aprann ki jan pou fè l, al gade nan Premye Swen, paj 37.

Aksidan machin

Si tout moun ta sèvi avèk senti sekirite oubyen kas lè yo monte machin, moto, oubyen bisiklèt, konsa pa ta genyen sitèlman anpil moun ki blese oubyen ki mouri nan aksidan machin. Epitou, nou ta evite aksidan ankò, si nou ta fè wout pou moun sou bisiklèt ka pase san danje.

Pwoteje tèt pitit ou;
fè li pote yon kas.
Pwoteje tèt pa ou
tou; pote yon kas.
Konsa w ap la lè pitit
ou bezwen ou.



Vyolans


Se yon gwo pwoblèm ki rive twò souvan: moun k ap maltrete timoun. Sa ka blese yon timoun pou tout rès lavi li - non sèlman sa ap blese kò li, men sa blese kè li ak lespri li tou. Se responsabilite tout grannmoun pou yo veye timoun yo, pou lòt moun pa maltrete yo. Aprann ki jan nou ka rekonèt timoun k ap pase anba move trètman, epi pi plis toujou sou koze difisil sa a; al gade nan Vyolans (chapit la poko ekri).

Chita tande ak ajan sante yo

Si se ajan sante nou ye, rann timoun yo vizit tanzantan. Pi bon okazyon pou nou kontwole sante timoun se lè n ap vaksinen yo (al gade nan Vaksen, chapit la poko ekri). Oubyen, pase wè yo chak de twa mwa pandan premye ane a. Lè yo plis pase 1 ane, rann yo vizit yon fwa chak ane.

Si nou wè yon timoun gen pwoblèm, tankou li pa p devlope nòmalman, vizite timoun sa a pi souvan. Lè nou fin trete yon timoun malad, nou dwe al wè li, (oubyen mande manman an mennen li tounen vin jwenn nou) pou verifye si timoun nan ap fè mye, oubyen si li gen pou swiv trètman toujou.

Li ka pi fasil pou mande manman yo mennen timoun yo nan sant lan pou fè konsiltasyon. Men souvan, li pi bon pou nou fè vizit lakay. Se pi bon fason pou fè tibebe ak timoun piti rete lwen moun malad ki vin konsilte nan klinik la. Epitou, kèk manman pa ka kite lòt timoun lakay, oubyen yo pa ka kite travay yo pou yo al nan sant lan. Konsa yo pa p vini. Se manman sa yo ki pi bezwen yon ajan sante al wè yo, pou li kapab kontwole sante tibebe ak timoun yo.



Timoun ki pi bezwen nou, se timoun sa yo ki pa p vin jwenn nou.

Pandan yon timoun ap grandi, nou dwe voye je sou li tanzantan. Men sa pou nou fè lè n ap vizite yon timoun:

- Mande ki jan timoun nan ye - si li an sante, epi si l ap byen vini.
- Gade timoun nan, soti tèt li pou rive pye li. Yon timoun ki an sante se yon timoun ki eveye, ki enterese nan sa k ap pase ozalantou li. Po li anfòm. Li byen vini, epi li fò.
- Poze manman an kesyon sou ki jan li manje. Ankouraje manman an pou li bay tibebe a tete, epi ankouraje li bay timoun bon kalite manje.
- Peze timoun nan. Oubyen, si manman an patisipe nan yon pwogram ki siveye ki jan pitit li ap devlope, tyeke dosye li (yon kat chemen lasante pou timoun, oubyen nenpòt lòt dosye kote yo ekri pwa timoun nan).
- Gade pou wè si timoun nan pwòp, epi si kay la pwòp. Pwofite okazyon sa a pou aprann fanmi an ki jan yo ka evite aksidan, epi ki jan yo ka anpeche maladi vin sou yo. Chache konnen ki sa yo bezwen pou kenbe timoun yo an sante, oubyen pou yo viv an sekirite.
- Pa bliye pataje avèk manman an, epi ak fanmi li, sa nou vin konnen.

Lè ajan sante yo ap byen okipe timoun yo konsa, kominote a va respekte yo epi yo va fè yo konfyans. Lè manman ak papa yo wè ki jan n ap okipe pitit yo, yo va santi yo pi alèz, epi yo va poze nou kesyon sou pwòp sante pa yo. Lè ajan sante yo kontwole sante ak devlopman timoun yo tanzantan, nan menm tan yo ka siveye sante manman an ak lòt moun nan fanmi an pou konnen si yo an sante tou, epi si yo jwenn sa yo bezwen.


Pwofite tout okazyon pou aprann timoun yo ki jan pou yo rete an sante. Depi timoun yo aprann kichòy, y ap di tout moun, fanmi yo ak lòt timoun. Lè konsa, yo ka kreye yon «epidemi» bon abitid sante nan kominote a.

Yon timoun k ap devlope byen se yon timoun ki an sante


Pou nou kontwole ki jan yon timoun ap devlope, fè yon kat chemen lasante pou li, ki sanble ak kat ki nan paj ki vini yo. Manman an, oubyen moun k ap okipe timoun nan, dwe gade kat la. Esplike li ki jan pou sèvi ak kat la. Konsa li ka konprann si pitit li pa p pwofite nòmalman.

KAT CHEMEN LASANTE		VAKSINASYON		DAT	
17	KLINIK 1	nimewo	nimewo	BCG	PREME DOZ POLIO
16	KLINIK 2	POLYO	DEZYEM DOZ
15	NON PITIT	FI	GASON		TWAZYEM DOZ
14	DAT NESANS	PWA LE	LI FET		KATRYEM DOZ
13	NON MANMAN		PREME DOZ POLIO
12	MOUN KI RESPONSAB	DPT (DE PE TE)	DEZYEM DOZ
11	SISE PA MANMAN AN	LAWOUJOL	TWAZYEM DOZ
10	NON PAPA	MANMAN, VAKSEN ETANOS (osinon 1 rape)	PREME DOZ POLIO
9	KI KOTE TIMOUN LAN RETE?		DEZYEM DOZ
8	Konbien timoun manman an genyen? Konbien ki vivan?.....		TWAZYEM DOZ
7	Non moun ki fè kat la epi ki bay manman an esplikasyon		
6	Poze manman an kesyon ki ekri anba. Sa va fè nou Korren si nou dwe day timoun nan swen espesyal.	BYEN SWEN ESPESIAL			
5	Eskie timoun lan te peze pi piti pase 2.5 kg le li te fè?		
4	Eskie li se yon martsa?		
3	Eskie li pran bibwon?		
2	Eskie manman an bezwen èd?		
1	Eskie li gen trè ak sè ki sach?		
0	Eskie genyen lot problem ki mande swen, tankou maladi, pwoblem soyal?.....		
				Pa blye pale sou arè fè planin.	
				Se Health Books International ki pibilye kat ja. Se Örganizasyon Mondial pou Sante ki day esanda yo.	
				 Health Books International 5th Avenue, New Barnes, Mill, Cottenham, Cambridgeshire, UK, CB4 2HA, United Kingdom tel: +44-1582-360683 e-mail: help@healthbooksinternational.org website: www.healthbooksinternational.org (formerly TALC)	

MWA II fèt	
17	ANE
16	4 - 6 ANE
15	3 - 4 ANE
14	2
13	3
12	4
11	5
10	6
9	7
8	8
7	9
6	10
5	11
4	12
3	13
2	14
1	15
0	16




Ki jan pou nou sèvi ak kat chemen lasante a




1. Ekri ki mwa tibebe a te fèt, nan premye kare anba, sou bò gòch la konsa. Modèl kat sa a montre nou ke timoun nan te fèt nan mwa davril.

2. Ekri tout lòt mwa nan lòd, nan ti kare ki anba.


3. Chak mwa, peze timoun nan, an kilogram.



4. Chak mwa nou peze timoun nan, mete yon pwen sou kat la. Mare tout ti pwen youn ak lòt pou fè yon chenn. Si timoun nan an sante, se chak mwa pou ti pwen yo ap monte pi wo sou kat la.



Pou pifò timoun ki nòmal, ki an sante, chenn pwa a pase nan mitan de tras long yo.



Sa ki pi empòtan, se pou yon timoun pran pwa chak mwa.

Liy la pa gen dwa rete nivo.

Li pa gen dwa desann non plis.

Si nou remake yon timoun ki pa p pwofite jan li dwe pwofite, se pou nou rann li vizit pi souvan. Chache mwayen pou ba li plis manje. Egzaminen li byen pou wè si li pa fè kèk maladi ki grav, ki fè li pa byen vini.



Ki jan timoun yo devlope

Devlope vle di ki jan yon timoun ap grandi, ap aprann, epi si li byen vini ou non. Chak timoun gen fason pa li pou kominike ak lòt moun, epi pou aprann rezoud pwoblèm l ap kontre nan lavi a. Men se pou l toujou fè pa annavan; li pa gen dwa rete chita. Si yon timoun pa p byen vini, nou dwe siveye li pi pre.

Poukisa genyen de timoun ki pa byen vini tankou lòt timoun? Gen de fwa se pa anyen - se nòmal pou moun pa sanble toutafè youn ak lòt. Men yo ka manke devlope paske yo malad, oubyen yo malnouri. Genyen de timoun ki kokobe, ki mal pou yo devlope. Pa egzanz, moun ka pa remake lè yon timoun piti pa ka tande. Men yo remake ke timoun nan pa kòmanse pale nan menm laj avèk frè e sè li yo. Siveye ki jan ptit ou ap devlope, paske si li fè reta, sa ka di nou ke li genyen yon pwoblèm sante oubyen li ka kokobe. Se pou nou eseye ede li.


Yon tibebe 3 mwa dwe:

- Sourি.
- Reyaji lè li tande yon son, oubyen lè li remake yon mouvman.
- Reyaji lè li remake figi ak vwa moun pa li.
- Remake pwòp men li.
- Kriye lè li grangou oubyen lè li pa alèz.
- Tete san twò gwo pwoblèm.
- Leve tèt li lè li kouche sou vant li.




Yon bebe 6 mwa dwe:

- Vire tèt li pou l ka wè ki kote son an soti.
- Vire sou vant li lè li kouche sou do li; li vire ankò sou do li.
- Rekonèt moun pa li.
- Pran yon bagay nan men li epi mete l nan bouch li.



Yon bebe ki gen 1 ane dwe:

- Kòmanse konprann epi di kèk mo, imite kèk son.
- Fè ti jwe, tankou jwe koukou.



- Eseye mete yon bagay anndan yon lòt.
- Leve chita epi rale san moun pa ede l.
- Leve kanpe.



Yon timoun 3 ane dwe:

- Konprann lè moun pale, epi fè ti fraz kout.
- Fè ti dyòb tankou bale.
- Pran konsyans santiman lòt moun.



- Triye bagay.
- Kouri, sote, ak grenpe.



Si yon timoun manke devlope, men 2 bagay pou nou fè pou ede li:

1. Mande konsèy bò kote yon ajan sante pou wè si se pa maladi ki bay sa.
2. Fè efò pou ede timoun nan devlope kote li pran reta.



Ede yon timoun devlope kote li manke.

Al gade nan anèks A (paj 56) pou jwenn grafik ki montre ki jan timoun yo devlope nòmalman. Grafik sa yo ede ni paran ni ajan sante yo kontwole ki jan yon timoun ap devlope. Konsa, yo ka konnen ki jan pou yo ede timoun yo fè pa annavan.

Ede timoun yo aprann

Lè yon timoun ap grandi, nou ka montre li anpil bagay. Konnesans ak ladrès yo ba li nan lekòl ka devlope konprann li, pou l ka fè plis toujou. Konsa, lekòl la enpòtan.

Epoutan, yon timoun aprann plis bagay nan sa li wè lakay, oubyen nan mache ak nan jaden. L ap gade sa moun ap fè, sa l ap tandem, epi l ap eseye fè menm bagay la tou. Konsa, l ap aprann plis nan gade sa lòt moun ap fè, pase lè yo di li sa li gen pou l fè. Gen anpil bagay enpòtan yon timoun ka aprann — tankou pou li gen bon levasyon ak tout moun, pou li pran responsabilite li, oubyen pou li aprann separe ak moun — se pa avèk pawòl nan bouch, men avèk bon egzanz li jwenn kay moun ki avè l yo.

Yon timoun aprann anpil bagay nan chache konnen pou tèt pa li. Li bezwen aprann ki jan pou l fè kèk bagay pou tèt li, menm si li ka fè fot. Lè yon timoun piti toujou, n ap pwoteje li pou danje pa rive l. Men kou li kòmanse ap grandi, montre li pran swen tèt li. Ba li kèk responsabilite, respekte opinyon li, menm si nou menm nou pa dakò ak tout sa li di.

Lè yon timoun piti toujou, se tèt li ase li konnen. Li gen tandans chache fè tèt li plezi anvan. Se apre, lè li vin pi gran, li wè kalite plezi ki gen nan ede lòt moun, nan fè bagay pou rann moun sèvis. Se poutèt sa, toujou ankouraje yon timoun ki vle ede nou fè kichòy. Fè li konprann jan sa fè nou plezi.

Timoun, ki pa pè, renmen poze anpil kesyon. Se pou papa yo ak manman yo, pwofesè lekòl ansanm ak lòt moun nan sosyete a, pou yo pran tan yo pou reponn kesyon yo byen, san bay mantè. Lè yo pa konnen, se pou yo di yo pa konnen. Lè konsa, timoun nan va toujou ap poze kesyon. Epi plis l ap grandi, se plis li va chache yon jan pou fè zòn kote li rete a vin pi bon pou moun ka viv pi byen ladan.



Ki jan pou nou okipe Timoun: Medikaman

Medikaman ki pou kalme doulè ak lafyèv

Paracétamol (pi bon remèd pou timoun), **aspirine**, ak **ibuprofène** se medikaman ki bon pou kalme doulè ki pa twò grav, epi pou desann lafyèv. Aspirin ak **ibuprofène** goumen ak anflamasyon tou. Konsa yon moun ap refè pi vit. Pa egzanp, si yon moun foule je pye li, medikaman sa yo va kalme doulè a; an plis, yo va desann anflamasyon an. Men moun ki soufri ak maladi virus epi ki gen lafyèv, yo pa gen dwa pran aspirin.

Veye pou nou pa sèvi ak pi gwo dòz pase sa yo di pou nou bay la. Tout medikaman sa yo ka bay pwoblèm si yon moun pran twòp. Pa egzanp, si yon moun sèvi twòp ak aspirin oubyen **ibuprofène**, yo ka bay ilsè nan lestomak. Si yon moun bwè twòp **paracétamol**, se pwazon. Lè nou soufri anpil oubyen nou gen gwo lafyèv, nou ka evite pran twòp si nou pran **paracétamol** yon fwa, epi **ibuprofène** lòt fwa a.

Paracétamol, acétaminophène

(parasetamòl, asetaminofèn)

Parasetamòl pa koute chè; li bon pou kalme ti doulè epi pou desann lafyèv.

Atansyon

Veye pou nou pa pran plis medikaman pase sa yo di pou nou pran. Lè nou pran medikaman sa a twòp, li ka donmaje fwa a; li ka menm pote yon moun ale. Sere medikaman an kote timoun pa ka rive, sitou si se medikaman an siwo li ye.

Yo mete parasetamòl nan anpil siwo grip. Poutèt sa, si n ap bay parasetamòl, pa sèvi ak siwo grip. Sinon, nou ka bay twòp.

Ki jan pou nou sèvi avè |

- ➔ Bay 10 - 15 mg pou chak kilogram pwa yon moun, nan espas 4 - 6 èdtan. Pa bay plis pase 5 dòz pandan 24 èdtan. Si pa gen balans, bay dòz la selon laj li:

Timoun ki pokò gen 1 ane: bay 62 mg (mwatye nan yon $\frac{1}{4}$ {ka} gress 500 mg, ki vle di $\frac{1}{8}$, yon uityèm nan yon gress), nan espas 4 - 6 èdtan.

Timoun 1 - 2 ane: bay 125 mg ($\frac{1}{4}$, ka nan yon gress 500 mg) nan espas 4 - 6 èdtan.

Timoun 3 - 7 ane: bay 250 mg ($\frac{1}{2}$, mwatye nan yon gress 500 mg) nan espas 4 - 6 èdtan.

Timoun 8 - 12 ane: bay 375 mg ($\frac{3}{4}$, twa ka nan yon gress 500 mg) nan espas 4 - 6 èdtan.

Plis pase 12 ane: bay 500 - 1000 mg, nan espas 4 - 6 èdtan. Pa bay plis pase 4000 mg nan yon jou.

Ibuprofène

(ibipwofèn)

Ibuprofène bon pou trete maltèt, pou kalme doulè nan vyann ak jwenti, epi pou desann lafyèv.

Efè segondè

Li ka bay vant fè mal. Pou diminye problèm sa a, bwè li ansanm ak lèt oubyen ak manje.

Atansyon

Moun ki fè alèji ak aspirin pa gen dwa pran **ibuprofène** nonplis. Gen de moun, depi yo fè alèji ak youn, y ap fè alèji ak lòt la tou. Pa sèvi avè l pou vant fè mal, ni pou lestimak chaje. Se yon asid li ye, ki ka fè pwoblèm lan vin pi mal. Poutèt sa, yon moun ki soufri asid pa dwe janm pran li. Pa bay tibebe li ki poko rive nan laj 6 mwa, epi pa bay famm ansent li pandan dènye 3 mwa gwosès yo.

Ki jan pou nou sèvi avè l



→ Bay 5 - 10 mg pou chak kilogram pwa yon moun. Si pa gen balans, bay dòz la selon laj li:

Tibebe 6 mwa - 1 ane: bay 50 mg nan espas 6 - 8 èdtan.

Timoun 1 - 2 ane: bay 75 mg, nan espas 6 - 8 èdtan.

Timoun 2 - 3 ane: bay 100 mg, nan espas 6 - 8 èdtan.

Timoun 4 - 5 ane: bay 150 mg, nan espas 6 - 8 èdtan.

Timoun 6 - 8 ane: bay 200 mg, nan espas 6 - 8 èdtan.

Timoun 9 - 10 ane: bay 250 mg, nan espas 6 - 8 èdtan.

Timoun 11 ane: bay 300 mg, nan espas 6 - 8 èdtan.

Plis pase 12 ane: bay 200 – 400 mg, nan espas 4 - 6 èdtan.

Pa bay plis pase 40 mg pou chak kilogram pwa yon moun, pandan 24 èdtan. Pa bay plis pase 4 dòz nan yon jou. Pa bay li pandan plis pase 10 jou youn apre lòt.

Antibiotik

Antibiotik se medikaman ki ka kraze fòs enfeksyon mikwòb kapab bay la. Yo pa aji sou maladi virus, tankou varisèl, lawoujòl, grip, ak rim. Se pa tout antibiotik ki ka konbat tout mikwòb maladi. Antibiotik ki sanble youn ak lòt, nou di yo soti nan menm fanmi an. Se pou nou konnen nan ki fanmi antibiotik la soti. Men pouki sa nou dwe konnen:

1. Antibiotik ki soti nan menm fanmi an ka byen trete menm pwoblèm yo. Sa vle di, nou ka sèvi ak yon lòt medikaman nan menm fanmi an.
2. Antibiotik ka bay reyakson alèji. Depi yon moun fè alèji ak yon antibiotik, se tout antibiotik ki soti nan menm fanmi an ki va bay menm pwoblèm nan. Konsa, nou oblige sèvi avèk yon antibiotik ki soti nan yon lòt fanmi.

Fòk nou pran antibiotik la san sote dòz, jis nou fin pran tout medikaman nou gen pou pran an. Si nou sispann pran li twò bonè, enfeksyon an ka tounen, epi lè sa a, l ap pi mal pou trete.

Pénicilline

(penisilin)

Medikaman ki nan fanmi penisilin se pamí remèd yo pi sèvi pou touye mikwòb. Yo bon pou anpil kalite enfeksyon, menm enfeksyon ki bay postim.

Nou mezire dòz penisilin nan an miligram (mg), oubyen an inite. **Pénicilline G:** 250 mg = 400,000 inite.

Pou pifò moun, penisilin se yon medikaman ki pa gen danje. Si yo pran yon dòz ki twò gwo, li pa p fasil fè yo mal, men se lajan jete.

Lè penisilin pa p travay

Gen de lè penisilin pa p aji sou enfeksyon an; li pa ka konbat enfeksyon an jan pou l ta fè l la. Se ka paske mikwòb yo vin gen yon fòs pou kenbe tèt ak penisilin. Si penisilin senp pa bay rezulta, nou mèt eseye yon lòt kalite penisilin, oubyen yon antibiotik ki soti nan yon lòt fanmi. Pa egzamp, lè se nemoni k ap kenbe anba penisilin, sèvi ak **amoxicilline** nan plas li (paj 42 – 43).

Danje ak prekosyon ▲

Pou tout kalite penisilin (**ampicilline** ak **amoxicilline** ladann)

Genyen kèk moun ki fè alèji ak penisilin; san yo pa ale avè l. Lè konsa, yo konn gen gratèl ak bousòl ki leve sou kò yo. Sa konn pran kèk èdtan, menm kèk jou apre yon moun pran penisilin anvan gratèl la parèt. Reyakson alèji a ka dire kèk jou. Fòk malad la sispann pran penisilin touswit. Yon **antihistaminique** (anti-istaminik, paj 49) ka soulaje gratèl la. Si penisilin bay kè plen ak dyare, se pa yon reyakson alèji yo ye. Menm si li bay ti traka, sa pa mande yon moun sispann bwè penisilin.

Yon lè konsa, penisilin ka bay yon move reyakson yo rele chòk alèji. Lè konsa, fini yon moun fini bwè penisilin lan, se mèt kèk minit, se mèt kèk èdtan, figi li vin wouj, lèv ak gòj li yo kòmanse anfle, li pa ka pran souf byen, li kòmanse dekonpoze, epi li tankou yon moun ki pran yon chòk. Genyen gwo danje nan sa. Fòk nou ba li **adrénaline** touswit. Se pou nou toujou gen li disponib lè n ap bay piki penisilin. Al gade nan Premye Swen, Medikaman.

Si yon moun fè alèji ak penisilin, fòk li pa janm pran penisilin ankò — ni **amoxicilline**, ni **ampicilline**, oubyen lòt antibiotik ki soti nan menm fanmi an — ni nan bouch, ni nan piki. Si li ta pran li yon lòt fwa, alèji a ka pi fò, epi li ka rive touye l menm. Se pou li sèvi ak **érythromycine** oubyen yon lòt antibiotik.

Piki

Pou pifò enfeksyon penisilin ka geri, bay penisilin nan bouch. Piki penisilin gen plis danje pase penisilin pou vale; yo pi fasil bay alèji ki grav ak lòt pwoblèm. Fè atansyon jan nou sèvi avè l. Sèvi ak piki penisilin sèlman pou enfeksyon ki grav anpil.

Ampicilline e amoxicilline

(anpisilin ak amoksisilin)

Ampicilline ak **amoxicilline** se antibiotik ki ka touye anpil kalite mikwòb. Souvan, nou ka sèvi ak ni youn ni lòt la. Kote liv sa a preski **ampicilline**, nou ka ranplase l souvan ak **amoxicilline**. Veye byen pou nou bay bon dòz la.

Pa fasil genyen danje nan **ampicilline** ak **amoxicilline**. Yo bon anpil pou tibebe ak timoun pití. **Ampicilline** bon pou trete menenjit ak lòt kalite enfeksyon grav kay tibebe ki fèk fèt. **Amoxicilline** bon pou trete nemoni.

Efè segondè (efè ki pa ann afè ak trètman an epi ki ka bay traka)



Toulede medikaman sa yo, men sitou **ampicilline**, ka bay gwo anvi vomi ak dyare. Si yon malad deja gen dyare, li ta pi bon pou nou pa ba li medikaman sa yo. Chache jwenn yon lòt antibiotik.

Malad la ka gen yon gratèl ki leve sou kò a. Men, si li leve glòb ak boul ki vini ale nan kèk èdtan, se ka yon alèji ak penisilin l ap fè. Fòk li sispann pran medikaman an touswit, epi fòk nou pa janm ba li yon antibiotik nan fanmi penisilin ankò. Si li ta pran li yon lòt fwa, alèji a ka pi fò, epi li ka menm rive touye l. Nou ka sèvi ak **erythromycine** (paj 47) pou trete kèk pwoblèm. Lè yon moun gen gratèl ak bousòl ki sanble ak lawoujòl ki leve sou kò a 8 jou konsa apre li kòmanse pran medikaman an, epi yo dire kèk jou, sa pa vle di toutan ke se yon alèji li fè. Men nou pa ka sèten si se yon alèji oubyen non. Jeneralman, li pi bon pou moun nan sispann pran antibiotik la.

Atansyon ▲

Genyen plis mikwòb toujou ki kenbe tèt ak 2 medkaman sa yo. Nan chak zòn gen kèk kalite enfeksyon, tankou chigela, estafilokòk ak lòt enfeksyon, kote nou pa ka sèvi ankò ak medikaman ke nou te konn sèvi pou trete yo.

Ki jan pou nou sèvi ak yo



Ampicilline ak **amoxicilline**, toulede bay bon rezulta lè moun pran yo nan bouch. Nou ka bay piki **ampicilline** men sèlman pou trete maladi ki grav, tankou menenjit, oubyen lè timoun nan ap vomi oubyen li pa kapab vale.

Memm jan ak lòt antibiotik, toujou bay yon moun pran medikaman an pou pi piti kantite jou yo. Si li toujou bay siy enfeksyon, bay remèd la jis 24 èdtan pou pi piti apre nou pa wè siy enfeksyon ankò. Si li fin bwè medikaman an pou pi gran kantite jou yo, epi li malad toujou, sispann bay antibiotik la, epi chache konkou doktè. Toujou bay moun ki gen VIH/SIDA medikaman an pou pi gran kantite jou yo.

Fòs dòz la chanje ak fòs maladi a, ak laj moun malad la, oubyen ak pwa kò li. Jeneralman, timoun ki chetif oubyen ki pa malad grav, ba yo dòz ki pi piti a. Bay timoun ki pi gwo oubyen ki malad grav dòz ki pi gran an.

AMOXICILLINE (AMOKSISILIN) (nan bouch)

Pou pifò enfesyon kay timoun

- ➔ Bay 45 - 50 mg pou chak kilogram pwa yon moun, nan yon jou, separe an 2 dòz. Si pa gen balans, bay dòz la selon laj li:

Tibebe ki pokò gen 3 mwa: bay 125 mg, 2 fwa nan yon, jou pandan 7 - 10 jou.

Timoun 3 mwa - 3 ane: bay 250 mg, 2 fwa nan yon jou, pandan 7 - 10 jou.

Timoun 4 - 7 ane: bay 375 mg, 2 fwa nan yon jou, pandan 7 - 10 jou.

Timoun 8 - 12 ane: bay 500 mg, 2 fwa nan yon jou, pandan 7 - 10 jou.

Plis pase 12 ane: bay 500 - 875 mg, 2 fwa nan yon jou, pandan 7 - 10 jou.

Pou nemoni

- ➔ Bay 80 mg pou chak kilogram pwa yon moun, nan yon jou, separe an 2 dòz, pandan 3 jou. Si gen anpil moun nan zòn nan ki soufri ak VIHJ/SIDA, bay dòz sa a pandan 5 jou. Si pa gen balans, bay dòz la selon laj li:

Tibebe 2 - 12 mwa: bay 250 mg, 2 fwa nan yon, jou pandan 3 - 5 jou.

Timoun 12 mwa - 3 ane: bay 500 mg, 2 fwa nan yon jou, pandan 3 - 5 jou.

Timoun 3 - 5 ane: bay 750 mg, 2 fwa nan yon jou, pandan 3 - 5 jou.

AMPICILLINE (ANPISILIN) (NAN BOUCH)

- ➔ Bay 50 - 100 mg pou chak kilogram pwa yon moun, nan yon jou, separe an 4 dòz. Si pa gen balans, bay dòz la selon laj li:

Tibebe ki pokò gen 1 ane: bay 100 mg, 4 fwa nan yon jou, pandan 7 jou.

Timoun 1 - 3 ane: bay 125 mg, 4 fwa nan yon jou, pandan 7 jou.

Timoun 4 - 7 ane: bay 250 mg, 4 fwa nan yon jou, pandan 7 jou.

Timoun 8 - 12 ane: bay 375 mg, 4 fwa nan yon jou, pandan 7 jou.

Plis pase 12 ane: bay 500 mg, 4 fwa nan yon jou, pandan 7 jou.

AMPICILLINE (ANPISILIN) (NAN PIKI)

Bay piki **ampicilline** sèlman lè yon moun malad grav, si l ap vomi, oubyen si li pa ka vale.

- ➔ Bay piki 100 - 200 mg, pou chak kilogram pwa yon moun, nan yon jou, separe an 4 dòz. Si pa gen balans, bay dòz la selon laj li:

Tibebe ki pokò gen 1 ane: piki 100 mg, 4 fwa nan yon jou, pandan 7 jou.

Timoun 1 ane - 5 ane: piki 300 mg, 4 fwa nan yon jou, pandan 7 jou.

Timoun 6 ane - 12 ane: piki 625 mg, 4 fwa nan yon jou, pandan 7 jou.

Plis pase 12 ane: piki 875 mg, 4 fwa nan yon jou, pandan 7 jou.

Pou trete menenjit pandan nou nan wout pou al lopital, bay youn nan konbinezon ki nan paj swivan an. Bay piki nan vyann (*intramusculaire, IM*) oubyen nan venn, men pa bay piki nan venn (*intraveineuse, IV*) esepte si ou byen fòme pou bay piki konsa. Sinon, bay piki nan vyann. Al gade nan Medikaman, Tès, ak Trètman (chapit la pokò ekri) pou aprann ki jan pou nou bay piki.

AMPICILLINE E CÉFTRIAZONE

Pran yon flakon ki genyen **ampicilline** 500 mg an poud. Mete 2.1 ml dlo esterilize ladann (ki pou fè piki). Sa bay yon solisyon ki gen 500 mg nan 2.5 ml.

Pran yon flakon ki gen **céftriazone** 1 gram (1000 mg) an poud. Mete 3.5 dlo esterilize ladann (ki pou fè piki). Sa bay yon solisyon ki gen 1 gram nan 4 ml.

Atansyon ▲

Pa bay tibebe **céftriazone** ki pokò gen 1 mwa.

➔ **AMPICILLINE** Bay piki 50 mg pou chak kilogram pwa yon timoun, 4 fwa nan yon jou, pandan 5 jou pou pi piti.

EPI

CÉFTRIAZONE Bay piki 100 mg pou chak kilogram pwa yon timoun, yon fwa nan yon jou pandan, 5 jou pou pi piti.

Si pa gen balans, bay dòz la selon laj li:

Tibebe 1 – 12 mwa: piki **ampicilline** 2 ml, 4 fwa nan yon jou, **céftriazone** 2 ml, 1 fwa nan yon jou, pandan 5 jou pou pi piti.

EPI

Timoun 1 – 3 ane: piki **ampicilline** 3 ml, 4 fwa nan yon jou, **céftriazone** 4 ml, 1 fwa nan yon jou, pandan 5 jou pou pi piti.

EPI

Timoun 4 – 5 ane: piki **ampicilline** 5 ml, 4 fwa nan yon jou, **céftriazone** 6 ml, 1 fwa nan yon jou, pandan 5 jou pou pi piti.

EPI

OUBYEN

AMPICILLINE E GENTAMICINE (JANTAMISIN)

Pran yon flakon ki genyen **ampicilline** 500 mg an poud. Mete 2.1 Ml dlo esterilize ladann. Sa bay yon solisyon ki gen 500 mg nan 2.5 Ml.

Sèvi ak yon flakon 2 ml **gentamicine** ki gen 40 mg nan 1 ml. Pa ajoute dlo.

Atansyon ▲

Gentamicine se yon antibiotik ki fò anpil. Li soti nan fanmi **aminoglycoside** (aminoglikosid). Sèl fason pou bay li se nan piki nan vyann (*intramusculaire, IM*) oubyen nan venn (*intraveineuse, IV*). Medikaman sa a ka donmaje ren yo, epi rann yon moun soud. Poutèt sa a, sèvi avè l sèlman nan ka ijan lè nou nan wout pou al kay doktè. Veye pou nou bay dòz medikaman ki egzak la.

Si yon timoun manke dlo (bouch li tou sèch, oubyen li pa fè pipi), ba li sewòm oral. Trete manke dlo a anvan nou ba li **gentamicine**. Pou aprann ki jan pou nou prepare ak bay sewòm oral, al gade nan Vant fè Mal, Dyare, ak Vè, paj 22.

Tibebe ki pokò gen 8 jou

➔ **AMPICILLINE:** Piki 50 mg pou chak kilogram pwa yon timoun, 2 fwa nan yon jou, pandan 5 jou pou pi piti.

EPI

GENTAMICINE: Piki 5 mg pou chak kilogram pwa yon timoun, 1 fwa nan yon jou, pandan 5 jou pou pi piti. Pa bay li pandan plis pase 10 jou.

Tibebe 8 jou – 1 mwa

→ **AMPICILLINE:** Piki 50 mg pou chak kilogram, 3 fwa nan yon jou, pandan 5 jou pou pi piti.

EPI

GENTAMICINE: Piki 7.5 mg pou chak kilogram, 1 fwa nan yon jou, pandan 5 jou pou pi piti. Pa bay li pandan plis pase 10 jou.

Timoun ak tibebe ki plis pase 1 mwa

→ **AMPICILLINE:** Piki 50 mg pou chak kilogram pwa yon timoun, 4 fwa nan yon jou, pandan 5 jou pou pi piti.

EPI

GENTAMICINE: Piki 7.5 mg pou chak kilogram pwa yon timoun, 1 fwa nan yon jou, pandan 5 jou pou pi piti. Pa bay li pandan plis pase 10 jou.

Li pi bon pou nou bay **gentamicine** dapre pwa yon timoun. Men si nou pa kapab peze li, bay li dapre laj li:

Tibebe 1 - 4 mwa: piki **ampicilline** 1.5 ml, 4 fwa nan yon jou, **EPI**
gentamicine 1 ml, yon fwa nan yon jou, pandan 5 jou pou pi piti.

Tibebe 4 - 12 mwa: piki **ampicilline** 2 ml, 4 fwa nan yon jou, **EPI**
gentamicine 1.5 ml, yon fwa nan yon jou, pandan 5 jou pou pi piti.

Timoun 1 - 3 ane: piki **ampicilline** 3 ml, 4 fwa nan yon jou, **EPI**
gentamicine 2 ml, yon fwa nan yon jou, pandan 5 jou pou pi piti.

Timoun 4 - 5 ane: piki **ampicilline** 5 ml, 4 fwa nan yon jou, **EPI**
gentamicine 3 ml yon fwa nan yon jou, pandan 5 jou pou pi piti.

Pa bay medikaman sa yo pou plis pase 10 jou.

Pénicilline nan bouch, pénicilline V, pénicilline VK

(penisilin V, penisilin VK)

Nou ka bay penisilin nan bouch (olye bay piki) si enfeksyon an pa twò grav, tankou:

- Malgòj ki vini sanzatann ak lafyèv cho (malgòj estreptokòk)
- Enfeksyon zòrèy
- Enfeksyon sinis
- Lafyèv rimatis
- Nemoni

Menm si nou kòmanse trete yon enfeksyon ki grav ak piki, yon fwa malad la tanmen refè, nou mèt bay li nan bouch. Si, apre de twa jou, nou poko wè li kòmanse geri, nou ka kalkile si li ta bon pou nou ba li yon lòt kalite antibiotik, epi fè l wè doktè.

Ki jan pou nou sèvi avè I



Pou medikaman an ka travay pi byen nan kò a, toujou bwè li ajen, pou pi piti inèdtan anvan manje, oubyen dezèdtan apre nou fin manje.

- ➔ Bay 25 -50 mg pou chak kilo pwa yon moun, separe nan 4 dòz, pandan 10 jou. Si pa gen balans, bay dòz la selon laj li:

Tibebe ki pokò gen 1 ane: bay 62 mg, 4 fwa nan yon jou, pandan 10 jou.

Timoun 1 - 5 ane: bay 125 mg, 4 fwa nan yon jou, pandan 10 jou.

Timoun 6 - 12 ane: bay 125 - 250 mg, 4 fwa nan yon jou, pandan 10 jou.

Plis pase 12 ane: bay 250 – 500 mg, 4 fwa nan yon jou, pandan 10 jou.

Pou enfeksyon ki grav, double dòz la.

Pou trete lafyèv rimatis

- ➔ **Timoun:** bay 250 mg, 2 fwa nan yon jou pandan 10 jou.

Granmoun: bay 500 mg, 2 fwa nan yon jou pandan 10 jou.

Pénicilline pour injection, pénicilline G

(piki penisilin, penisilin G)

Se pou nou sèvi ak piki penisilin pou kèk enfeksyon ki grav, tankou:

- Tetanòs.
- Nemoni ki grav
- Blese ki fè gwo enfeksyon
- Lè yon zo pèse po a pou l parèt deyò
- Sifilis

Genyen kèk kalite piki penisilin: genyen ki aji vit, gen lòt ki rete pi lontan ap travay nan kò moun, epi gen lòt ankò ki rete anpil tan ap travay nan kò moun.

Ki jan pou nou sèvi avè I



PÉNICILLINE PROCAÏNE, BENZYL PÉNICILLINE PROCAÏNE (penisilin pwokayin, benzilpenisilin pwokayin) (ki rete pi lontan ap travay nan kò moun)

Bay piki nan vyann sèlman (*intramusculaire, IM*); pa bay li nan venn) (*intraveineuse, IV*).

- ➔ Bay 25,000 - 50,000 inite, pou chak kilogram pwa moun nan, nan yon jou. Pa bay plis pase 4,800,000 inite. Si pa gen balans, bay selòn laj li:

Timoun 2 mwa - 3 ane: piki 150,000 inite, yon fwa nan yon jou, pandan 10 - 15 jou.

Timoun 4 - 7 ane: piki 300,000 inite, yon fwa nan yon jou, pandan 10 - 15 jou.

Timoun 8 - 12 ane: piki 600,000 inite, yon fwa nan yon jou, pandan 10 - 15 jou.

Plis pase 12 ane: piki 600,000 - 4,800,000 inite, yon fwa nan yon jou, pandan 10 - 15 jou

Pa bay tibebe li si li pokò gen 2 mwa, sòf si nou pa gen ni lòt penisilin ni anpisilin. Si se sèl medikaman nou gen sou lamen, bay 50,000 inite, yon fwa nan yon jou, pandan 10 - 15 jou.

Pou enfeksyon ki grav anpil, kay tibebe ak kay granmoun, double dòz la. Pa bay plis pase 4,800,000 inite nan yon jou.

BENZATHINE BENZYLPCNICILLINE, BENZATHINE PÉNICILLINE (benzatin benzilpenisilin) (yon penisilin ki rete anpil tan ap travay nan kò moun)

Bay piki nan vyann sèlman (*intramusculaire, IM*); pa bay li nan venn (*intraveineuse, IV*).

→ **Timoun ki pokò peze 30 kilogram, oubyen ki gen laj I - 7 ane:** bay piki 300,000 - 600,000 inite, yon fwa chak 8 jou. Si enfeksyon an pa twò grav, yon sèl piki ka sifi.

Granmoun ak timoun ki peze plis pase 30 kilogram, oubyen ki plis pase 8 ane: bay piki 1.2 milyon inite. Si enfeksyon an pa twò grav, yon sèl piki ka sifi.

Pou malgòj estreptokòk (yon mikwòb) k ap bay, bay yon sèl piki, jan yo ekri anwo a.

Pou moun ki te malad ak lafyèv rimatis, bay dòz ki ekri anwo a, yon sèl fwa chak 4 senmenn. Kontinye trètman sa a pandan 5 - 10 ane, pou lafyèv rimatis ak pwoblèm kè pa p tounen sou yo ankò.

Sifilis kay tibebe ki fèk fèt, bay yon sèl dòz, 50,000 inite pou chak kilogram pwa li.

Lòt antibyotik

Érythromycine

(eritwomisin)

Nou ka sèvi ak **érythromycine** nan plas penisilin pou trete anpil enfeksyon, epi moun ki fè alèji ak penisilin mèt sèvi avè l. An plis, li ka sèvi pou ranplase **tétracycline** pou trete plizyè kalite enfeksyon, epi pou trete difteri ak koklich tou.

Si yon moun fè alèji ak penisilin, nou gen dwa bay **érythromycine** nan plas li. Nou ka sèvi avè l nan plas **tétracycline** pou trete anpil enfeksyon.

Efè segondè

Érythromycine ka fasil bay anvi vomi ak vomisman, sitou timoun. Pa bay li pou plis pase 15 jou, paske li ka bay lajonis.

Ki jan pou nou sèvi avè l

→ Bay 30 - 50 mg pou chak kilogram pwa yon moun, nan yon jou, separe an 2 - 4 dòz. Si pa gen balans, bay dòz la selon laj li:

Tibebe ki fèk fèt - 1 mwa: bay 62 mg, 3 fwa nan yon jou, pandan 7 - 10 jou.

Timoun 1 mwa - 2 ane: bay 125 mg, 3 - 4 fwa nan yon jou, pandan 7 - 10 jou.

Timoun 2 - 8 ane: bay 250 mg, 3 fwa nan yon jou, pandan 7 - 10 jou.

Plis pase 8 ane: bay 250 - 500 mg, 4 fwa nan yon jou, pandan 7 - 10 jou.

Pou enfeksyon ki grav, double dòz la.

Cotrimoxazole, sulfaméthoxazole avec triméthoprime, TMP-SMX

(kotrimoksazòl, silfametoksazòl ak trimetoprim)

Cotrimoxazole se yon kombinezon 2 medikaman, li bon mache, epi li ka kraze anpil kalite mikwòb. Li bon anpil pou moun ki gen VIH/SIDA, paske li kapab anpeche anpil enfeksyon kay moun sa yo. Al gade nan VIH/SIDA (chapit la poko ekri).

Atansyon ▲

Pa bay tibebe li ki poko rive nan laj 6 senmenn. Fanm ki gwo vant pa gen dwa pran li pandan dènye 3 mwa gwo sès yo. Genyen anpil chans pou yon moun fè alèji ak medikaman an. Lè konsa, li bay lafyèv, souf wo, ak gratèl. Si nou wè li gen gratèl, oubyen si nou kwè l ap fè alèji ak remèd sa a, sispann ba li medikaman an.

Ki jan pou nou sèvi avè l

Genyen de kalite kombinezon yo fè avèk **sulfaméthoxazole** e **triméthoprime**. Youn gen **sulfaméthoxazole** 200 mg ak **triméthoprime** 40 mg. Yo ekri li konsa 200/40. Genyen lòt, tankou 400/80 oubyen 800/160. Gen de fwa yo ekri dòz triméthoprime sèl (dezyèm nimewo a).

Pou pifò enfeksyon

- **Tibebe 6 senmenn – 5 mwa:** bay **sulfaméthoxazole** 100 mg + **triméthoprime** 20 mg 2 fwa nan yon jou, pandan 5 jou.
- Timoun 6 mwa - 5 ane:** bay **sulfaméthoxazole** 200 mg + **triméthoprime** 40 mg 2 fwa nan yon jou, pandan 5 jou.
- Timoun 6 - 12 ane:** bay **sulfaméthoxazole** 400 mg + **triméthoprime** 80 mg 2 fwa nan yon jou, pandan 5 jou.
- Plis pase 12 ane:** bay **sulfaméthoxazole** 800 mg + **triméthoprime** 160 mg 2 fwa nan yon jou, pandan 5 jou.

Medikaman ki pou rete yon kriz

Diazéepam

(dyazepam)

Nou ka sèvi ak diazéepam pou detann vyann yo epi pou kalme doulè. Epitou, nou ka sèvi avè l pou rete yon kriz. Men yon moun ki konn fè kriz malkadi tanzantan gen pou l pran yon lòt kalite remèd chak jou.

Efè segondè

Dòmi nan je

Atansyon

- Lè nou bay twòp **diazépam**, li ka ralanti souf yon moun jis li rive koupe souf la. Pa bay pi gwo dòz pase sa ki ekri anba. Pa bay plis pase 2 dòz.
- **Diazépam** se yon medikaman, lè moun kòmanse pran li, yo gen dwa santi fòk yo pran li toutan. (Yo rele sa adiksyon oubyen depandans.) Pa sèvi avè l souvan, ni pandan yon tan ki twò long.
- Fam ki gwo vant ak famm k ap bay tete pa gen dwa pran li, sòf si yon famm ki gwo vant fè kriz nan dènye mwa gwo-sès li (eklanpsi).
- Pa bay piki nan venn si nou pa gen bon jan fòmasyon. Li difisil anpil, epi gen danje nan sa. Lè yon moun ap fè kriz, olye bay piki, bay li nan twou dèyè a.

Ki jan pou nou sèvi avè l

Pou detann vyann kò a epi kalme yon moun

Bay **diazépam** nan bouch 45 minit anvan nou pral fè yon bagay ki ka fè mal, pa egzanp, anvan nou mete yon zo ki kase oubyen yon èni nan plas li.

- ➔ Bay 0,2 – 0,3 mg pou chak kilogram pwa yon moun. Si pa gen balans, bay dòz la selon laj li:

Timoun ki pokò gen 5 ane: bay 1 mg.

Plis pase 5 ane: bay 2 mg

Pou rete yon kriz

Sèvi ak **diazépam** likid (ki pou fè piki), oubyen kraze yon grenn melanje l ak dlo. Wete zegui ki nan sereng lan. Rale medikaman an ak pwent sereng nan, epi mete l nan twou dèyè a. Oubyen sèvi ak jele **diazépam** ki pou mete nan twou dèyè a. Vire moun nan sou kote. Avèk yon sereng san zegwi, mete medikaman an nan twou dèyè a. Sere dèyè li pandan 10 minit, pou medikaman an pa koule soti.

- ➔ **Timoun ki pokò gen 7 ane:** bay 0,2 mg pou chak kilogram pwa yon timoun, yon sèl dòz.

Timoun 7 - 12 ane: bay 3 - 5 mg, yon sèl dòz.

Plis pase 12 ane: bay 5 - 10 mg, yon sèl dòz.

Lè 15 minit fin pase depi nou bay medikaman an, epi kriz la pokò rete, bay yon lòt dòz. Pa bay plis.

Antihistaminques: Medikaman ki pou trete alèji

(anti-istaminik)

Yon reyakson alèji ka bay yon moun demanjezon, gratèl, epi fè li estènen. Nòmalman, nou ka trete yo ak yon anti-istaminik. Yo tout ka sèvi. Konsa, si nou pa gen **chlorphéniramine** (al gade anba) oubyen **diphenhydramine**, nou mèt sèvi ak yon lòt anti-istamink. Veye pou nou bay dòz medikaman ki bon an (chak medikaman gen dòz pou nou bay la). Tout anti-istaminik bay moun anvi dòmi, men gen kèk ki pi fò pase lòt.

Medikaman sa yo pa p ka trete yon grip òdinè.

Pou trete yon reyakson alèji ki grav, ki bay yon moun pwoblèm pou l pran souf, fòk nou ba li **adrenaline (épinéphrine)**, mete sou sa, bay yon anti-istaminik. Al gade nan Premye Swen, Medikaman, paj 77.

Chlorphéniramine, Chlorphénamine

(klòfeniramin, klòfenamin)

Chlorphéniramine se yon anti-istaminik ki sèvi pou trete pwoblèm alèji ka bay la, tankou demanjezon, estènen, gratèl. Li bon pou trete pike ti bêt ak zèl, alèji ak manje oubyen ak medikaman ki pa twò grav. Li bon tou pou trete lafyèv sezon (nen k ap koule larim ak je k ap grata; ti poud jòn flè yo ka bay sa).

Efè segondè



Dòmi nan je (lòt anti-istaminik ka bay pi gwo pwoblèm).

Ki jan pou nou sèvi avè l



→ **Timoun 1 - 2 ane:** bay 1 mg, 2 fwa nan yon jou jis li fè mye.

Timoun 3 - 5 ane: bay 1 mg, nan espas 4 - 6 èdtan jis li fè mye.

Timoun 6 - 12 ane: bay 2 mg, nan espas 4 - 6 èdtan jis li fè mye.

Plis pase 12 ane: bay 4 mg, nan espas 4 - 6 èdtan jis li fè mye.

Pou trete reyakson alèji ki grav, premyeman, bay piki **adrénaline** (al gade nan Premye Swen: Medikaman, paj 77). Lè fini, bay piki **chlorphéniramine**, ki pou anpeche alèji a tounen lè efè **adrénaline** yo ap pase. Si pa gen piki **chlorphéniramine**, bay grenn pou vale nan dòz ki ekri anwo a.

→ **Timoun 1 - 5 ane:** piki 2,5 - 5 mg nan espas 4 - 6 èdtan, jis nou pa wè siy reyakson alèji.

6 - 10 ane: piki 5 - 10 mg nan espas 4 - 6 èdtan, jis nou pa wè siy reyakson alèji ankò.

Plis pase 12 ane: piki 10 - 20 mg (pa bay plis pase 40 mg pandan 24 èdtan) nan espas 4 - 6 èdtan jis nou pa wè siy reyakson alèji ankò.

Medikaman pou vè

Lè moun gen vè, yo ka pran medikaman ki pou mete yo deyo, oubyen ki pou touye yo nan kò a. Men pou vè yo pa tounen sou nou, se pou nou kenbe kò nou pwòp, epi se pou zòn kote n ap viv la pwòp tou. Vè yo ap gaye byen vit; depi yon moun nan fanmi an gen vè, li bon pou tout lòt moun ki nan kay la swiv trètman tou.

Mébendazole

(Mebendazol)

Mébendazole bon pou trete ankilostòm, trikosefal, askaris (gwo vè won), ak oksiyi (vè zepeng). Li bon pou trete plizyè kalite vè. Li ka ede trete trichin, men se pa pi bon remèd pou sa. Li pa fasil bay pwoblèm, men si yon moun gen anpil vè, li ka bay vant fè mal oubyen dyare.

Atansyon

Pa bay fanm ansent **mébendazole** pandan 3 premye mwa gwo sès la; li ka donmaje tibebe ki poko fèt la. Pa bay timoun li ki poko gen 1 ane.

Ki jan pou nou sèvi avè |

Pou oksiyi (vè zepeng) (*oxyure; pinworm*)

- **Timoun 1 ane - granmoun:** bay 100 mg yon sèl dòz. Si nou wè li nesesè, bay yon lòt doz nan 15 jou.

Pou askaris (gwo vè won) (*ascaris; roundworm*), **trikosefal** (*trichocéphale; whipworm*), **ankilostòm** (*ankylostome; hookworm*)

- **Timoun 1 ane - granmoun:** bay 100 mg 2 fwa nan yon jou pou 3 jou (6 gress antou OUBYEN) bay yon gress 500 mg yon sèl dòz.

Pou anpeche trape askaris kote nou jwenn li fasil

- **Timoun 1 ane - granmoun:** bay 500 mg yon sèl dòz, chak 4 - 6 mwa.

Pou trichin (*trichinose*):

- **Timoun 1 ane - granmoun:** bay 200 - 400 mg 3 fwa nan yon jou pandan 3 jou. Apre sa, bay 400 - 500 mg 3 fwa nan yon jou pandan 10 jou ankò. Si malad la gen doulè oubyen li pa wè byen, ba li, an plis, yon estewoyid tankou **prédnisolone**, 40 - 60 mg nan yon jou pandan 10 - 15 jou.

Albendazole

(albendazòl)

Albendazole sanble ak **mébendazole**, men li ka koute pi chè. Li bon pou trete ankilostòm, trikosefal, askaris, oksiyi, ak trichin. Li pa fasil bay pwoblèm.

Atansyon

Pa bay fanm ansent **albendazole** pandan premye 3 mwa gwo sès la; li ka donmaje tibebe ki poko fèt la. Pa bay timoun li ki poko gen 1 ane.

Ki jan pou nou sèvi avè |

Pou oksiyi (vè zepeng), askaris (gwo vè won), trikosefal, ak ankilostòm

- **Timoun 1 - 2 ane:** bay 200 mg yon sèl dòz.
- **Plis pase 2 ane:** bay 400 mg yon sèl dòz. Bay yon lòt dòz nan 15 jou, si nou wè li nesesè.

Pou trichin:

- Bay 400 mg 2 fwa nan yon jou pandan 8 - 14 jou. Si malad la gen doulè oubyen li pa wè byen, mete sou sa, bay yon estewoyid tankou **prédnisolone** (prednisolòn) 40 - 60 mg yon fwa nan yon jou pandan 10 - 15 jou.

Pyrantel pamoate, pyrantel embonate

(pirantèl pamoyat, pirantèl anbonat)

Pyrantel bon pou trete oksiyi, ankilostòm, ak askaris, men li ka koute chè. Gen de fwa li bay vomisman, tèt vire, oubyen maltèt. Pa bay li ansanm avèk **pipérazine** (piperazin, yon lòt remèd vè).

Ki jan pou nou sèvi avè l 

Pou akilostòm, ak askaris (gwo vè won), bay yon sèl dòz.

Pou oksiyi (vè zepeng), bay yon sèl dòz. Tann 15 jou, epi bay yon lòt dòz.

- ➔ Bay 10 mg pou chak kilogram pwa moun. Si pa gen balans, bay selon laj li:
- Timoun ki pokò gen 2 ane:** bay 62 mg ($\frac{1}{4}$, ka nan yon gress 250 mg)
- Timoun 2 - 5 ane:** bay 125 mg ($\frac{1}{2}$, mwatye nan yon gress 250 mg)
- Timoun 6 - 9 ane:** bay 250 mg (yon gress 250 mg)
- Timoun 10 - 14 ane:** bay 500 mg (2 gress 250 mg)
- Plis pase 14 ane:** bay 750 mg (3 gress 250 mg)

Pou tenya (vè solitè) (ténia; tapeworm)

Genyen kèk kalite vè solitè. **Praziqantel** oubyen **niclosamide**, toulede bon pou trete tout kalite vè sa yo. Men, si enfeksyon vè a rive jis nan sèvo yon moun, oubyen si li fè kriz, sa mande pou nou trete l ak **albendazole** ansanm ak medikaman pou kriz. Chache konkou doktè.

Praziqantel

(prazikantèl)

Efè segondè 

Praziqantel ka bay fatig, tèt vire; li konn fè moun pa vle manje, epi bay anvi vomi, men pwoblèm sa yo pa fasil rive lè nou trete vè solitè, paske dòz la piti.

Ki jan pou nou sèvi avè l 

Pou pifò kalite vè solitè yo, vè bèf ak vè kochon ladann

- ➔ Bay 5 - 10 mg pou chak kilogram pwa yon moun, yon sèl dòz. Oubyen bay li selon laj li:
- Timoun 4 - 7 ane:** bay 150 mg ($\frac{1}{4}$, ka nan yon gress) yon sèl dòz.
- Timoun 8 - 12 ane:** bay 300 mg, yon sèl dòz.
- Plis pase 12 ane:** bay 600 mg, yon sèl dòz.

Pou tenya nana (ti tenya) (H. nana; dwarf tapeworm)

- ➔ Bay 25 mg pou chak kilogram pwa yon moun, yon sèl dòz. Epi bay yon lòt dòz nan 10 jou. Oubyen bay li selon laj li:
- Timoun 4 – 7 ane:** bay 300 – 600 mg, chak dòz ($\frac{1}{2}$ - 1 gress, mwatye nan yon gress rive yon gress nan yon dòz)
- Timoun 8 - 12 ane:** bay 600 - 1200 mg, chak dòz.
- Plis pase 12 ane:** bay 1500 mg, chak dòz.

Niclosamide

(Niklozamid)

Niclosamide bon pou trete tenya ki nan trip, men li pa bon pou trete kis vè ki lòt kote nan kò a.

Ki jan pou nou sèvi avè l

Bwè **niclosamide** lè nou fin pran yon ti manje nan maten. Kraze gress yo nan bouch anvan nou vale yo. Bay dòz la dapre kalite vè a. Mande konsèy bò kote Sèvis Sante Piblik kote nou rete a. Sinon, bay dòz ki ekri anba a.

Kraze byen epi vale dòz sa yo. Si se yon timoun piti ki pa ka kraze l nan bouch li, kraze gress nan epi mete l nan yon ti lèt manman oubyen nan manje.

→ **Timoun ki pokò gen 2 ane:** bay 500 mg, yon sèl dòz.

Timoun 2 - 6 ane: bay 1 gram (1000 mg), yon sèl dòz.

Plis pase 6 ane: bay 2 gram, yon sèl dòz.

Vitamin ak Mineral

Vitamine A, rétinol

(vitamin A, retinòl)

Vitamin A sèvi pou evite pwoblèm ki fè moun pa wè byen nan fènwa (avèg lannuit), ak je sèch (zewoftalmi).

Pou moun ka jwenn ase vitamin A, yo dwe manje anpil legim ak fwi ki gen koulè jòn, legim fèy vèt, ak manje ki sòti nan bète tankou ze, pwason, ak fwa. Nan zòn kote nou fasil jwenn moun ki avèg lannuit epi ki soufri ak je sèch, e ke li toujou pa fasil pou yo jwenn ase nan kalite manje sa yo pou yo manje, se pou nou bay timoun yo gress vitamin A chak 6 mwa.

Atansyon

Pa bay plis pase sa yo di pou nou bay la. Si yon moun pran twòp vitamin A nan fòm kapsil, gress oubyen luil, gen danje nan sa. Pou fi ak fanm ki kapab ansent, oubyen pou fanm ki nan premye 3 mwa gwosès yo, pa ba yo dòz nòmal la, 200,000 inite, paske li ka donmaje tibebe ki nan vant manman an. Olye pou nou bay fanm ansent yon dòz nòmal, bay yon dòz ki pi piti epi bay li pi souvan.

Ki jan pou nou sèvi avè l

Bay gress ak kapsil nan bouch. Pou timoun piti, kraze gress nan, epi mete l nan yon ti lèt manman an. Oubyen koupe kapsil la, epi vide luil la nan bouch timoun nan.

Pou evite timoun vin manke vitamin A

Kote yo monte pwogram pou goumen ak pwoblèm sa a:

→ **Timoun 6 mwa - 1 ane:** bay 100,000 inite nan bouch yon sèl dòz.

Plis pase 1 ane: bay 200,000 inite nan bouch yon sèl dòz. Bay yon lòt dòz chak 6 mwa.

Pou trete moun ki pa ka wè nan fenwa

Si yon moun deja pa ka wè byen nan fènwa, oubyen si li fè lòt siy ki montre li gen je sèch, bay 3 dòz. Bay premye dòz la touswit, dezyèm dòz la nan demen, epi twazyèm dòz la nan 15 jou pou pi piti.

→ Bay 3 dòz, nan chak dòz bay:

Tibebe ki pokò gen 6 mwa: bay 50,000 inite nan bouch, chak dòz

Timoun 6 mwa - 1 ane: bay 100,000 inite nan bouch, chak dòz

Plis pase 1 ane: bay 200,000 inite nan bouch, chak dòz

Fanm ansent: bay 25,000 inite nan bouch, chak 8 jou, pou 12 senmen pandan gwochè la. Si li toujou gen pwoblèm avèg lannuit oubyen lòt pwoblèm je ki grav ki rive paske li manke vitamin A, yon ajan sante ki gen bon jan fòmasyon gen dwa ba li yon dòz ki pi gran.

Timoun ki gen lawoujòl

Lè timoun yo trape lawoujòl, vitamin A ka anpeche yo pran nemoni oubyen anpeche yo vin avèg - 2 konplikasyon ki rive fasil.

→ **Tibebe ki pokò gen 6 mwa:** bay 50,000 inite nan bouch, yon fwa nan yon jou, pou 2 jou

Timoun 6 mwa - 1 ane: bay 100,000 inite nan bouch, yon fwa nan yon jou, pou 2 jou.

Plis pase 1 ane: bay 200,000 inite nan bouch, yon fwa nan yon jou, pou 2 jou.

Si yon timoun deja pran yon dòz vitamin A pandan dènye 6 mwa yo, bay yon sèl dòz vitamin A. Si yon timoun ki gen lawoujòl ap soufri ak malnitrisyon ki grav, oubyen li deja pa ka wè byen, bay yon twazyèm dòz nan 15 jou.

Zinc

(zenk)

Lè timoun yo malad ak dyare, y ap geri pi vit si yo pran zenk. Bay li ansanm ak sewòm oral. (Al gade nan paj 8)

Ki jan pou nou sèvi avè l

Pou tibebe, byen kraze gress nan epi bay li nan lèt manman an, oubyen nan yon ti dlo. Petèt nou ka jwenn yon kalite gress ki fonn fasil nan likid.

→ **Tibebe ki fèk fèt rive 6 mwa:** bay 10 mg, yon fwa nan yon jou, pandan 10 - 14 jou.

Plis pase 6 mwa: bay 20 mg, yon fwa nan yon jou, pandan 10 - 14 jou.

Fer, sulfate ferreux, gluconate ferreux

(Fè, Silfat fè, glikonat fè)

Fer sèvi pou evite ak pou trete pifò kalite anemi (san yon moun tounen dlo). Si nou sèvi ak gress pou vale, trètman an konn pran twa mwa pou pi piti.

Gress fè yo pi efikas lè nou bwè yo ansanm ak vitamin C (manje anpil fwi ak legim, oubyen pran gress vitamin C).

Efè segondè



Fer konn deranje lestimak la; poutèt sa li pi bon pou bwè li lansanm ak manje. Epitou, li ka fè moun sere, sitou grannoun, epi li fè watè yon moun tounen koulè nwa. Pou aprann ki jan pou boule ak konstipasyon, al gade nan Vant fè Mal, Dyare ak Vè, paj 37.

Siwo ki gen fè ladann fè dan yon moun tounen koulè nwa. Sèvi ak yon pay pou bwè l, oubyen bwose dan nou apre nou fin bwè li.

Atansyon ▲

Veye pou nou bay bon dòz medikaman an. Twòp **fer** se pwazon. Si yon moun fin mèg e malnouri, pa ba li fè. Rete tann li refè anvan nou ba li **fer**.

Ki jan pou nou sèvi avè |



Fòs dòz la chanje ak kalite gressnan. Pa egzanp, yon gress **sulfate ferreux** 300 mg gen 60 mg konsa fè ladann. Men yon gress **gluconate ferreux** 325 mg gen 36 mg fè ladann. Fè atansyon pou nou swiv sa ki ekri sou bwat medikaman an, gress oubyen siwo, pou nou konnen byen ki kantite fè ki ladann.

Pou nou EVITE anemi antre sou fanm ansent oubyen sou fanm k ap bay tête

- Bay **sulfate ferreux** 300 mg (60 mg fè) nan yon jou. Fanm ki vle fè pitit dwe pran li tou. Li pi bon toujou pou yo pran fè ansanm avèk **acide folique**, se sa ka evite kèk pwoblèm ke tibebe konn fèt ak yo.

Pou nou TRETE yon timoun ki soufri anemi

- Bay **sulfate ferreux** yon fwa nan yon jou, jan yo di nou anba a (si sa deranje lestimak la, separe l an 2 dòz):

DÒZ SULFATE FERREUX (FÈ) SELON LAJ

LAJ	KONBYEN MG NAN YON DÒZ	KONBYEN GRENN 300 MG POU NOU BAY	KONBYEN MG FER
Timoun ki poko gen 2 ane	→ sulfate ferreux 125 mg	→ Sèvi ak siwo fè, oubyen kraze yon ka ($\frac{1}{4}$) nan yon gress 300 mg, mete l nan lèt manman an.	→ Sa bay 25 mg fer
Timoun 2 – 12 ane	→ sulfate ferreux 300 mg	→ sulfate ferreux 300 mg 1 gress	→ Sa bay 60 mg fer
Plis pase 12 ane	→ sulfate ferreux 600 mg	→ sulfate ferreux 300 mg 2 gress	→ Sa bay 120 mg fer


Anèks A: **Grafik sou ki jan timoun devlope**

Ki jan pou nou sèvi ak grafik sa yo:

Timoun yo devlope nan plizyè domèn: kapasite fizik (kò yo), kapasite mantal (lespri yo), komunikasyon (nan pale oubyen fè jès), kapasite sosyal (fè relasyon ak lòt moun). Gen de bagay yon timoun aprann, ki fè pati toulekat domèn yo. Pa egzamp, yon timoun ki lonje bra li ba ou ap mande ou pran li nan bra ou. Lè sa a, l ap sèvi ak :

- Kapasite fizik (kò) – li leve bra li.
- Kapasite mantal (lespri) – li rekonèt ou.
- Kominikasyon (nan pale ak fè jès) – li fè ou konprann sa li vle.
- Kapasite sosyal (fè relasyon ak lòt moun) – li kontan lè ou karese li.


Nan paj swivan yo, genyen grafik anba ki montre kèk bagay timoun yo aprann fè, epi nan anviwon ki laj pifò timoun aprann fè yo. Sèvi ak grafik yo pou konnen ki jan yon timoun ap devlope. Sa ap ede nou rekonèt ki sa timoun nan gen pou l aprann.



Grafik yo montre ki jan timoun yo devlope kapasite fizik yo pandan y ap grandi.


Ki jan pou nou konnen ki sa yon timoun gen pou l aprann

Chache jwenn grafik ki kòresponn ak laj ki pi pre laj pitit la. Nan grafik la, fè wonn tout bagay li kapab fè. Li posib ke ou va konstate gen de bagay lòt timoun ki gen menm laj la kapab fè, men pitit ou pa kapab fè yo. Konsa sa va ede ou konnen ki aktivite ou vle fè ak pitit ou.



Nan grafik ki anwo a, manman an te fè wonn tout aktivite piti fi li, ki gen 20 mwa, kapab fè. Manman an dwe ede lè pa annavan nan koze pale ak fè jès, epi nan kapasite fizik.


Grafik sa yo montre nou ki jan timoun yo ap devlope. Chak grafik separe an 4 domèn.
Desen ak mo yo ban nou egzanz sou sa anpil tibebe ka fè lè yo gen **3 mwa**.



Si yon tibebe pa ka fè 2 bagay nan chak domèn, li bezwen èd pou l devlope sa ki manke. Men se egzanz sèlman desen sa yo bay. Pa egzanz, lè nou gade domèn komunikasyon an, sa pa vle di, fòk nou jwe yon enstriman mizik pou verifye ki jan li reyaji. Keson nou dwe poze se: «Eske tibebe a reyaji lè li tandé yon bri?»

Pa blyie: Yon tibebe va aprann pi vit lè li nan lantouraj lòt timoun yo nan katye a, e li va fè sa yo konn fè devan li.


Grafik sa yo montre nou ki jan timoun yo ap devlope. Chak grafik separe an 4 domèn. Desen ak mo yo ban nou egzanz sou sa anpil tibebe ka fè lè yo gen **6 mwa**.



Si yon tibebe pa rive fè 2 bagay nan chak domèn, li bezwen èd pou devlope sa ki manke. Men se egzanz sèlman desen sa yo bay. Pa egzanz, lè nou gade domèn fizik la, sa pa vle di li oblige gen yon jwèt konsa. Keson nou dwe poze se: «Eske bebe a fè ti mouvman epi li voye pye li?»

Pa blyye: Yon bebe va aprann pi vit lè li nan lantouraj lòt timoun yo nan katye a, e li va fè sa yo konn fè devan li.


Grafik sa yo montre nou ki jan timoun yo ap devlope. Chak grafik separe an 4 domèn. Desen ak mo yo ban nou egzanz sou sa anpil bebe ka fè lè yo gen **12 mwa**



Si yon timoun pa rive fè 2 bagay nan chak domèn, li bezwen èd pou l devlope sa ki manke. Men se egzanz sèlman desen sa yo bay. Pa egzanp, lè nou gade domèn sosyal la, sa pa vle di fòk nou jwe koukou avè l. Kesyon nou dwe poze se: «Eske li renmen jwe ak moun?»

Pa blyie: Yon bebe va aprann pi vit lè li nan lantouraj lòt timoun yo nan katye a, e li va fè sa yo konn fè devan li.


Grafik sa yo montre nou ki jan timoun yo ap devlope. Chak grafik separe an 4 domèn. Desen ak mo yo ban nou egzanz sou sa anpil timoun ka fè lè yo gen **2 ane**.



Si yon timoun pa rive fè 2 bagay nan chak domèn, li bezwen èd pou li devlope sa ki manke. Men se egzanz sèlman desen sa yo bay. Pa egzanz, lè nou gade domèn lespri a, sa pa vle di fòk timoun nan konn bat tanbou. Keson nou dwe poze se: «Eske li ka sèvi ak 2 bagay ki gen rapò youn ak lôt?»

Pa blyie: Yon timoun va aprann pi vit lè li nan lantouraj lôt timoun yo nan katye a, e li va fè sa yo konn fè devan li.


Grafik sa yo montre nou ki jan timoun yo ap devlope. Chak grafik separe an 4 domèn. Desen ak mo yo ban nou egzanz sou sa anpil timoun ka fè lè yo gen **3 ane**.



Si yon timoun pa rive fè 2 bagay nan chak domèn, li bezwen èd pou li devlope sa ki manke. Men se egzanz sèlman desen sa yo bay. Pa egzanz, lè nou gade domèn sosyal la, sa pa vle di fòk timoun nan konn bale. Keson nou dwe poze se: «Eske li renmen travay ansanm ak fanmi li?»

Pa blyie: Yon timoun va aprann pi vit lè li nan lantouraj lòt timoun yo nan katye a, e li va fè sa yo konn fè devan li.

Grafik sa yo montre nou ki jan timoun yo ap devlope. Chak grafik separe an 4 domèn. Desen ak mo yo ban nou egzanz sou sa anpil timoun ka fè lè yo gen **5 ane**.



Si yon timoun pa rive fè 2 bagay nan chak domèn, li bezwen èd pou li devlope sa ki manke. Men se egzanz sèlman desen sa yo bay. Pa egzanz, lè nou gade domèn sosyal la, sa pa vle di fòk timoun nan ap koute yon pwofesè. Kesyon nou dwe poze se: «Eske li konprann epi li kapab swiv ansèyman menm jan ak lòt timoun?»

Pa blyie: Yon timoun va aprann pi vit lè li nan lantouraj lòt timoun yo nan katye a, e li va fè sa yo konn fè devan li.